

MINAMATO YEMAZUVA ESE
CHIPOROFTA CHANHASI CHEKUTAURA

CHINYORWA

4

Gumiguru – Mbudzi – Zvita

2025

NhauDzakanaka

ZUVA NEZUVA


MAHARA
KWETE KUTENGESWA

IRI BHUKU RATO BHADHARIRWA
NEVATAKABATANA NAWO SAKA
RINOOGONA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAUDZAKANAKA** DZINOBVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL

UEBERT NA BEBE ANGEL



Neruzivo rwakakura murushumiro rwenguva yakazara, Uebert naBeBe Angel vabuda semazwi akakurumbira mukugovera Mashoko Akanaka enyasha dzaMwari (Euangelion) uye kufambisira mberi hushumiro hwechiporofita pasi rese. Sevanyori vanotengesa zvakanyanya vemabhuku ane simba akadai seHondo Yemweya, Mabhangi Ekukumbira, Simba rePamusoro peMutendi, Hupenyu Hunotungamirirwa Nenyasha, uye Bhuku Rekunamata reMashoko Akanaka eZuva Nezuva, vakapa mipiro yakakurumbira kumabhuku echiKristu.

Vanozivikanwa nekuda kwechiratidzo chavo, hunyanzvi, nehutungamiriri hune simba, Uebert naBeBe Angel vanotsvakwa zvakanyanya sevakurukuri vemusangano. Semapiona epasi rese uye vatungamiriri vechechi yeMashoko Akanaka (Spirit Embassy) uye vane chinzimbo cheMuporofita, vave nesimba guru muhupenyu hwemamiriyoni pasi rese, vachitungamirirwa nekuzvipira kwavo kusingazununguki pakuparidza zvakazarurwa zveMashoko Akanaka nesimba rinoshandura renyasha dzaMwari (Euangelion).

NEZVE BHUKU REKUNAMATA RENHAU DZAKANAKA ZUVA NEZUVA

Bhuku rekunamata renhau dzakanaka Zuva Nezuva ibhuku rechiKristu rinoremekedzwa zvikuru iro rakanyorwa zvakanyatsorongwa kuti riwedzere kukura mumweya zuva rega rega regore. Rinopa ruzivo rwakadzama, zvakazarurwa zvine simba, uye zvakataurwa zvechiporofita zvezuva nezuva zvinangwa kutungamira vaverengi kurarama hupenyu hwakatarisana naKristu, hwakadzika midzi mune zvakadzidziswa uye zvakazarurwa zveMuporofita Uebert Angel. Rinobudiswa mwaka ina yega yega pagore, bhuku rekunamata iri rine mukurumbira nekubata kwaro pasi rose, rinowanikwa mahara mumitauro yakawanda kuti rikunde zvimhingamupinyi, uye kuona kuti shoko raro rinochinja hupenyu nekuwanikwa kune munhu wese pasi rese.



Chitatu, 1 Gumiguru

KUVANDUDZWA PAMWEYA

Mako 1:35

Mangwanani-ngwanani, kuchakasviba, Jesu akamuka akabuda mumba akaenda kunzvimbo yaakanga ari oga, ikoko akandonyengetera.

Mabhanga ane mutemo, wekuti hautore pausina kuisa mari. Ukavhura akaundi yako nebhangwa, unofanira kuisa mari kuitira kuti wozokwanisa kutora mari. Chokwadi ndechekuti, munhu asina akaundi nebhangwa haakwanise kutora mari mubhangwa.

Zvimwechetezvo zvinoshandao pakunyengetera. Patinonamata tinovandudzwa pamweya. Jesu waitora nguva yakareba achinamata mangwanani oga oga, akaenda pane ruzhinji aingoraira mweya wetsvina neurwere kuti uende. Akaundi yake yemunamato yainge yakazara. Maererano nemagwaro, nzvimbo yake yakavanzika yainge iri nzvimbo yekuzadza akaundi yake, pane ruzhinji rwevanhu ndipo paaiburitsa zviri muakaundi yake, achiita zvishamiso zvinobatika.

Wana nguva yekunamata usati watanga zuva, paunopinda munyika, unenge uchitora pane zvawaita mangwanani, huchapupu huchikutevera nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Bhanga rangu romweya rakazara. Nyika ichandidavira kuburikidza nemunamato yangu nezita ramambo Jesu.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Vatesaronika 5:17

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Obhadhia 1:10-21; Mika 1-3
www.goodnewsdailydevotional.com



China, 2 Gumiguru

BVISA ZVIPINGAIDZO

Johani 18:37

...Nokuda kweizvi ndakaberekwa, uye nekuda kweizvi ndakauya munyika, kuti ndiunze uchapupu hwe chokwadi. Wese ane chokwadi anonzwa inzwi rangu.

Kurongeka ndiro simba rinotyaira kubudirira. Kana paine chauri kumhanya nacho chikashaya zvipingaidzo, zvirokwazvo unozadzisa zvinangwa zvako . Unofanira kuziva kuti sei uri pano pasi. Hauna kuberekwa kuti uongorore nharaunda chete asi kuti uve nezvinobatika muUshwe hwedenga, kumhuri yako, kubasa kwako, uye nemhiri dzepasi rose. Muvengi anongokanganisa avo vasina kurongeka, avo vasina midzi yakasimba mushoko.

Jesu anoti akazvarwa kuti ave huchapupu hwechokwadi. Akararamira chinangwa chimwe chete, kwete zvakawanda. Nhasi, sarudza kutarisa pazvinhu zvinokosha. Pabasa rako, tarira pane zvinobatsira. Chengetedza hukama hunokosha zvikuru. Usaregedza muvengi achikanganisa ramangwana rako nekuda kwezvimhingaidzo, abvise neshoko raMwari uye kurongeka. Kana uchitenda shoko iri, mhanya naro, uye uchadzoka neuchapupu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ini ndakazvarwa kuti nditonge, nekukunda, uye kubudirira munzira dzese. Handimbofi ndakatsauswa nemuvengi, nekuti ndakaiswa munzira yandinofanira kutevera muzita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUPERENGA

Mako 11:23

MAKWIKWI EKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mika 4-7; Nahumi 1-2

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 3 Gumiguru

KUBVISA RUZHA

1 Vakorinde 14:10

Zvirokwazvo panyika pane mitauro mizhinji yakasiyana siyana, asi hakuna kana mumwe usina zvaunoreva.

Wairesi dzemunzeve dzinoshanda kudzivirira ruzha rausingadi kunzwa kuburikidza nekubuditsa masai sai anodzivirira ruzha rwekunze kuti risanzwike munzeve dzako. Saizvozvo, pasi pano pane ruzha rwakawanda, uye maererano neBhaibheri, hapana shoko risina zvarinoreva. Zvimwe zvinotoku pedza simba zvigokutsausa munzira yauri kufamba . Shoko rakaipa iri rinogona kuuya nemumhanzi, mharidzo isakarurama, uye nyaya dzinoparadza.

Shoko raMwari rine chemweya chinobvisa ruzha rusakarurama. Ruzhinji parunoti pane kuwisirwa pasi iwe taura kuti pane kusimudzirwa. Udza shoko rose rinopokana newe chokwadi cheshoko raMwari womisa ruzha rusina basa. Pavano taura zvekuoma kwenyika iwe nemhuri yako ramba kubatirana navo. Uri mumiriri wedenga, kuwana kwako kunobva kune imwe nyika. Hareruya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinomisa shoko rese rewakaipa runozevezera munzeve dzangu kuti handikundi. Ndakadzika midzi mushoko raMwari, zvirokwazvo ndichauya neuchapupu nezita ramambo Jesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

Jobho 22:29

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Nahumi 3; Habhakuki 1-3; Zefania 1:1-13

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 4 Gumiguru

SVOMHU DZOMWEYA

2 Timoti 2:15

Shingaira kuti uzviratidze pamberi paMwari, somunhu anogamuchirwa, mushandi asingafaniri kunyadziiswa uye anonyatso ruramisa shoko rechokwadi.

Pane mashandiro mana akakosha e svomhu: kuwedzera, kubvisa, kupatsanura, uye kuwanza. Pazvinhu zvose zviri zvina svomhu yokupatsanura ndiyo yoga inopa zvikamu zvakafanana uye zvakarongeka. Naizvozvo shoko raMwari rinoshandisa “kupatsanura” paya pavanoti gona kupatsanura shoko rechokwadi neshoko renhema.” Ndzivo zvinoreva svomhu, hama dzangu.

Shoko raMwari rinofanira kupatsanurwa nemazvo muzvinhu zvose zvehupenyu hwako. Unoda utano semadiro aunoita mari. Naizvozvo usatarira nzvimbo imwechete uchisiya dzimwe nzvimbo nokuti unozvinda zvose. Iva nenguva yekudzidza shoko raMwari uye uvake kudya kwemweya kwakaringana. Ndinotaura uye ndichizivisa kuti nzvimbo dzose dzoupenyu hwangu dzinobudirira nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura upenyu kune mari, hutano, dzidzo, ukama hwangu, nenzvimbo dzose dzoupenyu hwangu. Handishaiwe zvinhu zvakanaka. Ndakaropafadzwa zvisingatsananguriki nezita raJesu. Amen

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 1:3

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Zefania1:14-3:20; Hagai 1-2: Zekaria 1:1-11

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 5 Gumiguru

MAITIRO NEKUSIMUDZWA

1 VaKorinde 15:31

Ndinofa zuva nezuva, ndonorevesa hama dzangu zvirokwazvo sezvandinorumbidza pamusoro penyu muna Kristu Jesu Ishe wedu

Maitiro ako anotsanangura kusimudzirwa kwako. Kure kwaunosvika muupenyu huno kunotsanangurwa nemaitiro ako. Maitiro akaipa inzvimbo inobereka ukama hwakakanganisika, zvakaipa uye hashu. Mupostora akati ndinoviga nyama yangu zuva nezuva, zvinoreva kuti inzira yenyama kutevera kana kuenda nzira dzewakaipa. Nyama inoda kunzwisiswa, kuhwina gakava, uye ino tevera zvitendero zvisina kukodzera.

Sezvo uri kuverenga shoko rechiporofita, sarudza kufushira maitiro ese akaipa. Taura zita razvo. Tarisana nazvo. Zviudze kuti ndinofushira maitiro akaipa uye ndinomaregedza. Maitiro aya anokuwisira pasi, asi nhasi, fushira uye asaonekwe zvekare. Kune zuva rakajeka remangwana ako, asi maitiro akaipa achakanganisa zvakataurwa naMwari pamusoro peupenyu hwako. Wakaberekwa kuti ubudirire, tanga kubvisa mitoro yese isina basa nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinobvisa maitiro anobvisa mufaro, runyararo uye budiriro yangu. Ndinobvisa kutonga kwewakaipa pamusoro peupenyu hwangu nezita ramambo Jesu

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Vafiripi 4:4

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Zekaria 1:12-7:14

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 6 Gumiguru

INZWI RECHIPOROFITA

1 Petro 4:11

Kana munhu achitaura, ngaadaro somunhu anotaura mashoko chaiwo aMwari. Kana munhu achishumira ngaazviite nesimba raanopihwa naMwari, kuitira kuti muzvinhu zvose Mwari arumbidzwe kubudikidza naJesu Kristu. Iye ngaave nokubwinya nesimba nokusingaperi peri. Amen

Rurimi rwako harisi rekuraira chikafu chete, asi chishandiso chitsvene chekugadzira ramangwana raunoda. Kufa uye hupenyu, pamwe nekubudirira uye kutadza, zviri musimba merurimi rwako. Shandisa rurimi zvakanaka, uye uchagadzira ramangwana raunoda.

Muushumiri hwedu, Mwari akatipa chipo chekuporofita, asi ndima inoti muranda wese waKristu anofanira kutaura sematauriro anoita muporofita, seanoshumira Mwari.

Nhasi, bvumai chokwadi ichi: haufanire kumirira mumwe munhu. Taura semuporofita pamusoro peupenyu hwako. Rega vamwe vaone shanduko mukutaura kwako. Kunyangwe zvinhu zvisiri kuita zvakanaka, taura zvakanaka. "Kukundikana hausi mutauro wedu. Taura uchenjeri, rugare, uye kukunda. Taura izvozvo, uye uchadya michero yemazwi ako. Hallelujah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rurimi rwangu chinyoreso chemunyorori agadzirira kunyora. Hunaku nenyasha zvichava zvangu muupenyu hwangu hwose. Chose chandinoshuwira, chakatogamuchirwa nezita raJesu. Amen

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 45:1

MAKWIKWI OKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Zekaria 8-13

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 7 Gumiguru

SIMUKA SECHIVAKWA

Johani 10:17

Chinoita kuti baba vandide ndechokuti ndinorasira makwai angu upenyu hwangu, uye ndichahutorazve.

Semubereki kana mutungamiri, unoda vana vako nekuti ndevako, asi zvinhu zvakaita, sekutendeka, uchenjeri, kana kubarwa kwavo, kunogona kukudza rudo rwako kwavari. Pano, Jesu anotipa chimwe chikonzero nei Baba vachimuda. Unogona kutarisira kuti Jesu ati ndnodirwa kuparidza kana kuita minana, asi kwete, iye anoti ndinodirwa kupa upenyu hwangu uye ndichiuwana zvakare.

“Mwari vanoda avo vanoramba vakamira. Mune nyika yakazara nekutambudzwa, kuputsika, uye kutyisidzirwa, simuka sechivakwa, chakasimba uye chisinga zunungusiki. Iva muenzaniso wemunhu akasimba. Kunyange ukanzwa kutambudzwa nekutadza, kuputsika, kana kuora moyo, zviudze, “Kana ndikavigwa, handingagari pasi, ndinosimuka zvakare!”

Kubva nhasi, hapana chinokuviga muvhu. Uri kumuka muzita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kufushirwa nezvinondiwira uye nezvinhu zvekare. Ndinosisimuka nesimba rekunge Nyati. Hupenyu hwangu hwakakomberedzwa uye hwakachengetedzwa nezita ramambo Jesu. Hareruya.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

Varoma 4:20-21

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Zekaria 14; Maraki 1-4

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 8 Gumiguru

NZIRA YAKASIYANA

Varoma 12:2

Musaramba muchizvienzanisa namaitiro enyika ino, asi mushandurwe nokuvandudzwa kwepfungwa dzenyu...

Tinogara munyika isingagamuchire kusiyana kwevanhu. Vakawanda vanongo tsvaga kungokwana kwana pane vamwe, vanoda kuzivikanwa, uye kufadza vanhu kupfuura Mwari. Asi Mwari ari kumutsa rudzi rinoramba kubatirana nezvenyika ino, rudzi risingatsvagi kuzivikanwa kana kusimbiswa nevanhu venyika ino. Bhaibheri rinotirangaridza kuti hatisi venyika ino, sezvakaita Jesu akanga asiri venyika ino.

Kugamuchirwa kwechinhu nevanhu vakawanda hazvirevi kuti zvakanaka. Tarisa Dhanieri, akasarudza nzira yakasiyana. Kunyangwe vamwe vakasarudza kurarama pamutambara kede, iye akazvisarudza kuti akudze Mwari, akasarudza kudya zvakasiyana nezvaidyiwa nevamwe.

Tiri rudzi rakasiyana nevamwe tino tevera zvinhu zvakasiyana nevamwe. Hatina kunyura mune zverino pasi. Kunyange kufunga kwedu kwakashandurwa nekuti pfungwa dzaKristu ndidzo dzatiinadzo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi wenyika ino. Ndakasangurwa kuva mutsvene muhurongwa hwaMwari. Ndiri chiedza chinovhenekera vanhu kuitira kuti vaone kubwinya kwaMwari wokudenga. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johani 15:19

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 1-4

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 9 Gumiguru

UNANI

2Timoti 4:11

Ruka oga ndiye aneni. Tora Mako uuye naye, nokuti anondibatsira kwazvo paushumiri hwangu.

Pane mhando nhatu dzevanhu muhupenyu: avo vanouya vaine chinangwa, vamwe vanouya kuzodzidza, vamwe vanouya kwechinguvana. Ndakanzwisisa mhando dzose dzevanhu. Avo vanouya nechinangwa vanobatsira kuzozadzisa chiratidzo chawakapiwa. Avo vanouya kwechinguvana vakagadzirwa naMwari kuti vakushandire uye vakutsigire kwemwaka iwowo. Uyezve pane avo vanouya kuti vakupe chidzidzo. Kunyangwe chidzidzo chacho chakanaka kana kuipa, dzimwe nguva marwadzo anofanira kuunza huchenjeri.

Muapostora Pauro akati Mako akamukoshera. Aive nhengo inobatsira zvikuru. Akauya nekunyaradza, kwete nemarwadzo kana mutoro. Nhasi ndinonyengetera kuti Mwari akutumire vabatsiri vakakodzera vanouya nechinangwa, tanga kufamba muuchenjeri ugone kunzvera nekuvagamuchira. Amen.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoraira vabetseri vangu kuti vauye kubva kumativi mana ose enyika. Ndinodzura mbeu yose yakaipa ine simba yakakandi komberedza, nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Vakorose 3:17

MAKWIKWI EKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 5-7

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 10 Gumiguru

MARI INE CHINANGWA

Zekaria 1:17

Zvanzi naJehovha wamasimba ose, maguta angu achafashukirazve noupfumi. Uye Jehovha achanyaradzazve Zioni uye agosarudzazve Jerusarema.

Vhangeri ndere mahara, asi nzira dzekuri endesa kune vanhu haasi mahara. Nenyasha dzaMwari, tine hushumiri hwevhangeri hunodarika mabhiriyoni emadhora, kupa vane nzara, kuendesa vamwe kuchikoro, kudhinda zvinyorwa zvekuparidza, uye kuparidza munhandare dzebhora, zvese izvi zvinoda mari. Kana uchiverenga bhuku rino renhau dzakanaka kune akatobhadhara mari kuti ridhindwe.

Ushe hwaMwari hunoda zwiwanikwa kuti hupfuurire mberi. Ndokusaka Mwari achida kuti ubudirire pamari. Akati, “Maguta angu achapararira kuburikidza nekubudirira.” Sezvo uchiedza kugadzira humambo hwemari, usazviite nechikonzero chekuva nezvako woga, itai kuti ive mari ine chinangwa. Mumwe munhu anofanirwa kudya nekuti Mwari akakukomborera nemari. Chechi kune imwe nzvimbo inofanirwa kuvakwa nekuda kwekubudirira kwako.

Gamuchira ropafadzo yemari nhasi. Mari iri kuuya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mari yangu iri kuuya. Ndinounganidza hupfumi kuti hubatsire umambo hwaMwari. Masuo ose akavhurika kuti ndiwane goho guru nezita raJesu. Amen

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 3:9

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 8:1-10:15

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 11 Gumiguru

CHIONO

1 Makoronike 26:18

PaParibhari kuchamhembe, vana pamugwagwa, uye vaviri paParibhari.

Chiono ndiro simba rinotyaira kubudirira kwechero chinhu. Ndimam inoti, “pasina chiono, vanhu vanofa.” Izvi hazvirevi kufa kwemuviri, asi rufu rwechero chinhu chaunobata. Chiono chinotungamirira kushanda kwako kune chinangwa chakajeka uye mhedzisiro yakanaka.

Tora ndima iri pamusoro: vazhinji vanofunga kuti vachengeti vakagadzwa mushure mekunge temberi yavakwa, asi muprofitam akanga aona vachimira pamikova kare kusati kwatanga kuvakwa. Ungangodaro usina imba parizvino, asi fungidzira mhuri yako iri muimba huru, maakaundi ako ebhangi akazara, uye basa rako richikura. Kugona kwako kufungidzira uchiona zvinhu mundangariro dzako ndiro simba rekugona kuchigadzira..

Ona chinhu chaunoshuwira, chishandire, uchaona uchidya zvibereko zvechiono chako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mukombe wangu unofashukira, Ndinorarama hupenyu hwehuchi nemukaka, Hapana chisipo uye Hapana chakaputsika. Mwari aneni, handingashaiwe zvinhu zvakanaka muupenyu hwangu. Amenim.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 29:18

MAKWIKWI EKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndimam yokuverenga nhasi: Mateo 10:16-12:21

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 12 Gumiguru

KUDZIKINURWA KUKURU

Hosea 4:6

Vanhu vangu vanoparadzwa nokuda kwokushaya zivo. Nokuti makashayira hanya murairo waMwari wenyu...

Vanhu vazhinji vanofunga kuti kudzikinurwa kuona munhu achizviwisira pasi, achichema kana kurutsa mukereke. Asi teerera hama dzangu, kudzikinurwa kwechokwadi kunoitika kana umbimbindoga hwako huchinge hwasangana nechokwadi. Unogona kuwira pasi ugotokunguruka uripo asi ugotomuka pasina shanduko.

Dhiyabhorosi anonzi mambo werima, “mambo zvinoreva wekutanga, uye rima zvinoreva umbimbindoga. Zvoreva kuti ndiye wokutanga kuita humbimbindoga

Ramba kuita umbimbindoga. Gamuchira mwenje kuburikidza neShoko raMwari. Shoko rinouya nemwenje unodzinga rima uye richichinja mafungiro ako. Kana mafungiro ako akachinja, unosununguka chaizvo. Kuziva Shoko kunoku dzikinura zviri nani kupfuura zvimwe zvinhu zvose.

Gara mushoko raMwari, uye kusaziva kuchatiza kubva kwauri. Hupfumi hwako, zvawaka daniwa, hutano hwako, uye nzvimbo dzose dzinobudirira kana mwenje wauya kuburikidza neShoko.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoramba kurarama upenyu hwehumbimbi ndoga. NaKristu, ndakasunungurwa handisi muranda wekushaya zivo. Pfungwa dzaKristu dziri mandiri zvekare, zivo neku nzwisisa zvinoyerera mandiri nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 119:130

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 12:22-14:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 13 Gumiguru

ZVISIKWA ZVINOSHAMISA

1 Petro 1:10

Nezveruponeso urwu, vaporofita vakataura nezvenyasha dzaizouya kwamuri.

Ndichiri mudoko ndakazvitumidza zita rokuti “ERIA WECHITEMA.” Panguva iyoyo, ndaitenda kuti simba raEria raive guru kupfuura zvandai fungidzira kusvika Mwari akatanga kundiraratidza chokwadi chakadzama kuburikidza nemashoko ezuva ranhasi. Kunyangwe vaporofita saEria vaishuwira kuona zvisina kuonekwa zveruponeso, asi havana kupihwa mukana. Kunyangwe maporofita ekare akatadza kunzwisisa kuuya kwezvisikwa zvaizouya, avo vanhu vekuti Mwari pachezvake anogara mavari.

Mutestamente yekare, Mweya Mutsvene waiuya pamusoro pevaporofita kwechinguvana kuti vaporofite. Asi pari zvino, Mwari anogara matiri nekusingaperi. Anogara mauri iwe neni. Izvi zvinoreva kuti isu tiri vakuru kupfuura Eria kana Erisha. Nokuda kwekuvhenekerwa uku, enda unokunda nyika yauri nekuda kwesimba raMweya mutsvene. Amen.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kristu ari mandiri Tariro yokubwinya. Ndiri mweya une imba yemagetsi, zvose zvangu zviri kushanduka kuitira hukuru waMwari huonekwe nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Vahebheru 11:39-40

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 14:13-17:13

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 14 Gumiguru

KEREKE YAKAKUNDA

Varoma 8:37

Kwete pazvinhu zvose izvi tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye akatida

Kune mhando nhatu dzekereke kana kuti vatendi: vakakundwa, varwi nevakundi. Kereke yakakundwa haizivi kodzero yayo muna Kristu. Kereke yeparwi ichiri kungorwisana nemweya wetsvina uye vachitsvaga dzikinuro. Asi kereke yakakunda yakabva pazvikamu zvekurwa, vanoshanda nechiono chevanhu vari kumusoro soro.

Vatendi vakakunda vakashandurwa neshoko raMwari uye vane kunzwisisa kuzere. Havachazi kutsvaga kudzikinurwa, asi vari kutosunungura vakasungwa. Aya magamba aMwari, vakasimba mumunyengerero uye mukudya shoko raMwari. Kura uite mutendi akakunda. Hausi mhetamakumbo uri gamba guru raMwari munzvimbo yako yaunobata uri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine chiono chekumusoro soro, ndinorarama pamusoro pezvingaitika paupenyu huno. Handina kukundwa uye handitsvagi kudzikinurwa, ndiri Kereke yakakunda. Ndino tsidza kuti simba rangi muna Kristu riri kushanda uye rinoonekwa. Ndinofamba musimba raMwari, ndinotungamirira vamwe kuti vasunungurwe, ndinogadza kukunda kwemuchinjikwa munzvimbo dzose dzoupenyu. Hupfumi, runyararo, nesimba randinano hazvizununguswi nezita raJesu.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

2 vaKorinde 5:20

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWAMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 17:14-20:34.

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu. 15 Gumiguru

EKKLESIA

Mateo 16:18

Ndinoti kwauri iwe ndiwe Petro, paruware urwu ndichavaka kereke yangu, kunyange masuo eHadhesi haangaikundi

Kereke ine simba rakakurisa pane rino pasi. Vamwe nekusaziva vanofungira kuti vatendi vanongochemba uye vachinzwisa tsitsi. Asi isu tinopfuura izvozvo. Izwi rokuti “Kereke” rinobva muGiriki Ekklesia, vanhu vanogadzira mutemo wehurumende. Kereke inoita sarudzo yekuona kuti zvinhu zviriro kufamba here munyika.

Izvi zvinoreva kuti pane simba, hukuru, uye kutonga munharaunda yevakristu. Uri bazi rechikamu cheboka rine simba kupfuura ese. Kuenda kukereke hakusi kungoendao; kunorodzwa ramangwana rako, uye kunogadziriswa mitemo inenge yakavhiringwa nevanhu. Saka, usaramba wakagara; iva pakati peavo vanoita sarudzo nekuva mukurudziri muna Kristu. Dzvinga avo vanoda kudzingwa, uye gadza avo vanofanirwa kuiswa pazvigaro. Wakapihwa simba rekudyara nekudzura chero chaunoda, muzita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nhengo yeEkklesia yaMwari, makurukota makuru ehurumende panyika ino. Ndinogadza nekusimbisa pfungwa yaMwari panyika ino. Mikova yehadhesi haingandi kuriri nezita ramambo Jesu. Amen!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 10:25

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 21-22

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 16 Gumiguru

GURUKOTA REMUFARO

VaFiripi 4:4

Fara munashe nguva dzose, ndichapamhidzazve .Farai

Mufaro wako hausi mumaoko emumwe munhu, ritori basa rako rawakapihwa naMwari. Munhu ane mufaro haabatwe nekusuruwara, urwere kana kushaiwa Tariro. Usa nenedzera vamwe pazvinhu zvisiri kufamba zvakanaka muupenyu hwako. Muvengi anokupa zvinangwa zvekuti urambe uchikundikana achida kuti upe vamwe mhosva. Kunenedzera vamwe inzira yemuvengi yekuti urambe uri panzvimbo imwechete.

Ndimba yanhasi inokurudzira mufaro muna Mwari. Kristu ari mauri ndiye Tariro youpenyu. Zvisinei nezvakaitika kare , pukuta misodzi, zvisimbise wotanga kuenda mberi. Une zvitubu zvemvura yeupenyu mauri tendera iyerere ichienda nzvimbo dzose dzoupenyu hwako. Gara mushoko raMwari, chiedza chake chinovhenekera pese pane rima. Dzoreredza mufaro nesimba rako izvezvi. Nezita raJesu

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hwakachengetedzwa nesimba rinobva kumusoro. Ndinoramba kuita dera, kupusa kana kutyiswa. Hakuna chinotora mufaro wangu. Ndinotora mufaro wangu ndichiregedzera zvitubu zvoupenyu huri mandiri. Ndine mufaro muna Mwari nokusingaperi.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Nehemia 8:10

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndimba yokuverenga nhasi:Mateo 23:1-25:13

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 17 Gumiguru

KUTUNGAMIRA

Ruka 16:11

Kana manga musina kutendeka paupfumi hwenyika , ndianiko achavimba nemi paupfumi hwechokwadi

Chose chaunenge watadza kurongeka pachiri, Mwari achakubvisa pachiri. Ukatadza kurongeka pamari, unobviswa pairi. Munhu wese ane hupfumi chiratidzo chekurongeka kwakanaka kuzvinhu zveupfumi. Bhaibheri rinotaurawo kuti kana usina kurongeka pamari, Mwari haangavimbi newe pazvinhu zvomweya uye ropafadzo.

Ita sarudzo yakakodzera yekutungamira hupenyu hwako nemazvo. Ronga uye isa nguva yako, kubva mukunyengerera kuti zvishande zvakarongeka. Usakanganisa zvakakosha. Tungamira zvinhu zvese nemazvo, uye Mwari achakubatsira kuti uwane zvakawanda. Uchiverenga shoko rechiporofita iri, Nyasha muushumiri, mhuri yako uye upfumi zviri kuuya kwauri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nyasha dzalshe dziri pamusoro pangu, uye akandipa zvipo zvepanyama uye zvepamweya. Ndinoshandira muuchenjeri hwedenga uye kuzvidzora. Ndakarongeka muzviwanikwa zvakaite se nguva, mari, hushumiri nehukama uye ndinozviita nemazvo. Ndiri muranda akatendeka, uye zvikuru zviri kuiswa mumaoko angu, nezita raJesu. Amen!

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

Mapisarema 90:21

MAKWIKWI OKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 25:14-26:68

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 18 Gumiguru

MWARI AKAVANZIKA

2 Vakorinde 4:7

Asi pfuma iyi tinayo mumidziyo yevhu kuratidza kuti simba iri rinopfuura zvose rinobva kuna Mwari kwete kwatiri.

Dambudziko guru raunogona kuita, kufungidzira kuti hauna basa mumaziso aMwari. Mwari akakutarira, anozviona iye pachazvake. Muapostora Pauro anoti takatakura pfuma mumiviri yatinayo. Nyama yaunayo inotakura hupfumi hwedenga, anova Mwari pachezvake. Uri Mwari akavanzika.

Kutanga nhasi tanga kutaura nekurarama semunhu akatakura Mwari. Hausi munhu njee, uye budiriro yako iri kutouya. Paunotaura , taura zvine simba, uchiziva kuti uri mumiriri waMwari, mukati mako wakachengeta hupenyu uye simba riri mukati mako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri Mwari akavanzika, simba rake rinorarama mandiri. Nzira dzangu nehurongwa hwangu zvese hurongwao HwaMwari. Ndakatakura hupfumi hwedenga , chese chandinobata nhasi chakaropafadzwa. Ndinotaura nesimba redenga, ndinoratidza kubwinya kwaMwari pane zvose zvandinoita, nezita ramambo Jesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 82:6

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mateo 26:69-28; 20

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 19 Gumiguru

ZVIBEREKO ZVAMWARI

1 Petro1:23

Nokuti makaberekwa patsva, kwete nembeu inoora, asi isangaori, neshoko raMwari mhenyu uye rinogara nokusingaperi.

Ndinogaro udza vanhu kuti ukatarira shure kwawakabva, uchapedzisira wagara pasi usina kwaunoenda. Vazhinji vanopomera mhosva kwavakabva uye zvituko zvemhuri vachiti ndizvo zviri kukonzera kukundikana kwavo. Asi ukauya kuna Kristu, wava chisikwa chitsva, chibereko chembeu yakanaka chisingabatwi nezvituko zvenyika ino.

Rongeka muupenyu hwako ugone kushandisa shoko raMwari kuti rikushandire. Chokwadi chanhasi ichi ngachimbundire njere dzako, wava wemhuri ine hukuru hwaMwari vanova vakadanwa. Hapachisina kutambura, kukundikana kana hurwere muupenyu hwako. Nezita ramambo Jesu. Amen.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasarudzwa naMwari, ndikabviswa pane vamwe ndikaitwa mutsvene kuitira kuti ndiite chinangwa chedenga. Ndiri wembeu isingaori, handibatwi nezvituko kana kumiswa. Ndinorarama pamusoro pezvinoitika pano pasi, hapachina urombo, kukundikana kana urwere. Ndinofamba mukukunda, uye ndichabudirira nezita ramambo Jesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 2:9

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mako1-3

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 20 Gumiguru

KUZIVA ZVIRI MBERI

1 Petro1:12

Zvakaratidza kwavari kuti vakanga vasinga zvishumiri ivo

Mwari akatipa Nyasha dzokuva vakuru uye vabati vechiporofita. Nyenyasha dzake tapa zviporofita zvisingaverengeki, zvinobata hupenyu hwevanhu nepasi rose, zvose zvichiitika. Zviporofita zvose zvinobuda paterevhizheni zvinotakura shoko rokuti “tiri kumberi kwebepa nhau ranhasi, takasimbiswa namweya mutsvene”. Sei tichidaro? Nokuti kubaya dede nemukanwa kwakadai kunogonekwa namweya mutsvene.

Ndima yanhasi inoratidza kuti kune chokwadi chanhasi, chanezuro nechemangwana. Zvonzwisa tsitsi makristu mazhinji anorarama muchokwadi chanezuro. Havazivi kuti kuporeswa neropafadzo yamweya mutsvene ndezvavo muna Kristu.

Ukagadzira ukama naMweya mutsvene, anokuchengeta kuti uzive zvanhasi, uye nechokwadi uye ugare uchiziva zveupfumi, ushumiri, bhizimusi uye zvose zveupenyu hwako. Tora nguva uri mushoko raMwari zuva nezuva newewo uchava nechokwadi chamangwana kupfuura bepa nhau.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hwakarongeka, ndiri kufamba muhurongwa hwaMwari. Handikundikani. Ndichaziva zvekuita panguva yekuzviita uye nemaitirwo azvo, nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 37:23

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mako 4-5

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 21 Gumiguru

NHUME DZEMBERI

Mako 1:35

Mangwanani ngwanani kuchakasviba, Jesu akamuka akabuda mumba akaenda kunzvimbo yaakanga ari oga ikoko akandonyengetera

Mukuru wenyika kana makurukota anoremekedzwa achishanyira nzvimbo, kune nhume dzevanhu dzinotungamira kuenda vachitarira nzvimbo kuti vaone kuti zvose zvakarongeka here. Nhume idzi dzinoongorora kuti Hapana njodzi here. Naizvozvo mukutenda tine nhume dzedu dzinotienderao kumberi, nhume iyi inonzi munamato. Munamato mauto anoenda mberi kunogadzira nekuchengeta panzvimbo vobva vagadzirisa matambudziko ose anenge ari mberi.

Jesu akamukira mangwanani kunonamata, akatumira mauto mberi kuti agadzirise matambudziko uye urwere asati asangana nazvo. Munamato wakamugadzirira kuti ave mukundi zuva risati ratanga. Wana nguva yekunamata izvezvi. Tumira mauto mberi kuti agadzire nekurunga mhinduro yakanaka mberi kwako, nezita ramambo Jesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotumira munamato mberi kwangu, nzira yangu yakachengetedzwa, hupenyu hwangu hwakarongeka. Nzira yose yandinofamba yakagadzirirwa kuti ndibudirire. Ndinoisa vabatsiri vangu munzvimbo yakandifanira, hakuna chinomira mberi kwemauto angu. Munana wangu utoripo, nezita ramambo Jesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ekisodho 23:23

MAKWIKWI EKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mako 6-7

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 22 Gumiguru

KUKOSHA KWESHOKO

Mapisarema 138:2

Ndichakotamira pasi ndakatarisa kutemberi yenyu tsvene, uye ndicharumbidza zita renyu nokuda kworudo rwenyu, nokutendeka kwenyu, nokuti makakudza zita renyu pazvinhu zvose.

Mwari vakatipa chinhu chimwechete kuti tishandure mafungiro nemaitiro avo chinova shoko raMwari. Hatikwanise kuvashandura nenzira dzedu, asi nokuda kweshoko vakagadzira kuti zviite sokudaro. Nyangwe zita ravo riri pamusoro pezvinhu zvose, ane chimwe chaakaisa pamusoro pezvinhu zvose rinova shoko ravo.

Mwari unoshanda munharaunda reshoko rake kwete kushanda vari kunze kwaro. Mapisarema 138:2 akakudza zita rake pamusoro pezvinhu zvose. Ukatevera shoko unowana mukana wekushandura nzendo dzemumweya. Namata zvichienderana neshoko rake, mitemo yedenga inomanikidzwa kukupa zvakarehwa mushoko.

Endera shoko, uye unodzoka neuchapupu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari rine hukoshwa, rakaringana, uye rine simba mariri. Ndinosarudza kuendera shoko, uye munana unotouya chete. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

vaHebheru 4:12

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndimba yokuverenga nhasi : Mako 8:1-10:12

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 23 Gumiguru

HWAMANDA YOKUPEDZISIRA

1 VaKorinde 15:52

Pakarepo sekubwaira kweziso, pahwamanda yokupedzisira, nokuti hwamanda icharira, vakafa vachamutswa mukusaparara, uye tichashandurwa

Bhaibheri parinoti hwamhanda yokupedzisira zvinoreva kune hwamanda yakatomborira. Hwamanda yokupedzisira iyi icharira panguva yokubvutwa, ndinonamata kuti uende nendege ichatanga kusimuka. Kana kuine hwamanda yekupedzisira, mubvunzo wangu unoti, hwamanda yokutanga yainge yarira rinhi?

Hama dzangu kune hwamanda dzakawanda dziri kurira kunyangwe izvevzi tichitotaura, dzimwe nguva tinokanganwa kuterera tichiona kunge zvisina basa. Mharidzo yatinoparidza yekubvutwa itori imwe hwamanda. Shamwari yako ikati ngatinamatei, kana mudikani wako akati bvisa vamwe vanhu, dzose idzi ihwamanda dziri kurira zvekare. Nyatsoteerera hwamanda dzese dziri kurira, zvinoita kuti ubudirire kusvika pakubvutwa apo mambo paanokudana kuti uende kumusha.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mweya wangu mupenyu uye wakangwarira, handipotse hwamanda dziri kurira pese pandiri. Ndiri kusimuka uye handidzike nezita ramambo Jesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Amosi 6:1

MAKWIKWI OKUVERNGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mako10:13-12:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 24 Gumiguru

MWEYA SEWEMWANA MUDIKI

Ruka 18:16

Jesu akadana vana kwaari achiti, regai vana vaduku vauye kwandiri, uye musavadzivisa , nokuti umambo hwaMwari ndohwavakadai

Wakamboongorora here kuti vana vanotenda chose chaunenge wavaudza? Ukati uri kuenda kumusika kunotenga ndege vanorindira vakatarira kuti iri kuuya. Kusavimbika hakuwanikwe munyika yevana vadiki, shoko rose vanoriona sechokwadi.

Umambo hwaMwari hausi hwevanhu vanofunga kaviri asi ndehwe avo vane kutenda sevana vadiki, vanotenda zvizere zvinotaurwa naMwari vasingazununguswi. Zvinhu zvemweya hazvidi vazivi, nokuti hazvinzwisiki asi zvinogadzira kutenda. Bvisa kusatenda nekufungira nhasi, kutenda kwako kuchaburitsa mhinduro nezita ramambo Jesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Moyo nemweya wangu zvagadzirira kugamuchira ropafadzo yakaiswa naMwari muupenyu hwangu. Ndinotenda semwana mudiki , pasina fungiro kana kudedera. Ndinofamba mukutenda uye ndichararama muuwandu nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUPERENGA

1 Johani 5:14-15

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mako 12:13-14:11



Mugovera , 25 Gumiguru

VIMBISO YAMWARI

VaEfeso 1:23

Iwo muviri wake, kuzara kwaiye anozadza zvinhu zvose munzira dzose.

Vazhinji vachiri kurarama muchokwadi che testamende yekare. Vachiri kuraira ropafadzo yaMwari kuti iitike muupenyu hwavo. Asi kune vimbiso here yatakapihwa naMwari? Unogona kunge uine pfungwa dzakawanda dzaunotenda kuti ndizvo zvakavimbiswa naMwari. Chokwadi ndechekuti isu vakristu vetestamende itsva hatina vimbiso kunze kwaKristu Jesu bedzi.

Muna Kiristu tinogamuchira ropafadzo nevimbiso yezvinhu zvose zvatingada. Ndiye kuzara kwose kwaMwari, musanganiswa weropafadzo yepasi nekudenga. Kana uina Kristu une zvese. Chijana chako chekumutsa nekuitisa kuti ropafadzo yawakapiwa naMwari munaKristu kuti ionekwe.

Nemunamato, kuverenga shoko, kutedzera mitemo, ropafadzo nevimbiso yese iri muna Kristu inoonekwa muupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kristu ari mandiri ndiye tariro yekubwinya. Maari vimbiso neropafadzo yake yakazadziswa. Handingashaiwi zvinhu zvakanaka nezita raJesu. Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

vaKorose 1:27

MAKWIKWI OKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mako 14:12-15:47

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 26 Gumiguru

PFUMA ISINGAPERI

VAEFESO 3:8

Kunyange ndiri mudiki pavanhu vose vaMwari, idzi Nyasha dzakapihwa kwandiri, kuti ndiparidze vhangeri kune vedzimwe ndudzi pfuma yakristu isinganzwisiki.

Marudzi epasi rose vari kurwira masimba ekuva nezvicherwa zuva nezuva. Kuwanikwa kwezvicherwa zviitsva zviri kuonekwa mwaka nemwaka. Asi izvi zvinhu zvisihoma paropafadzo yaMwari iri pane rino pasi. Shoko rinotaura zvepfuma isingaperi muna Kristu, hupfumi husinga peri hunowanikwa maari. Zvese izvi ipfuma kusanganisira hutano, mari nezvimwe zvakawanda wanda.

Paunogamuchira Kristu, handi chemweya chete chaunogamuchira asi ishanduko izere inounza huhwandu nerunyararo. Ndinotara nekuraira pamusoro peupenyu hwako kuti chose chaunoda chinoenderana neshoko raMwari unochiwana nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinonwa mutsime reruponeso uye zvose zvoupenyu zviri kurongeka. Ndinotora zvose zvandinoda mupfuma zhinji yaKristu. Vimbiso yose yaMwari ndeyangu uye inoitika chete. Amen.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

2 Petro 1:3

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mako 16; Ruka 1.



Muvhuro, 27 Gumiguru

KUPFUURA VANHU

2 Vakorinde 5:17

Naizvozvo kana munhu ava muna Kristu, ava chisikwa chitsva, zvakare zvapfuura, zvinhu zvose zvava zvitsva

Chikero chenyama chinoshungurudzwa nematambuziko uye kukundikana. Nzira imwechete yemuvengi ndeye kuku yeuchidza kuti uri munhuo zvake wenyama neropa. Ukangogamuchira izvozvo, unenge wazvipa wega kuna mambo wenyika ino, uye unogara wakakundwa.

Shoko rinotara kuti uri chisikwa chitsva chinopfura munhu wenyama. Shoko reGreek rekuti kainos rinoreva zvinhu zvitsva zvisati zvakamboonekwa. Unogona kunge wakatadza nezuro kana kanguva kapfupi kachangopfura. Ita chokwadi ichi chidzike mauri, munhu wekare akapfuura, wava mutsva.

Dzorera tariro yako fara nekuda kweropafadzo yaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndava chisikwa chitsva muna Kristu. Zvakaipa zvangu zvekare zvapfuura nesimba raMweya mutsvene. Handimiswe nekuneta kana kukundikana kwenyama ino. Ndinoshanda ndiri kunzvimbo yekumusoro soro.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Kuungudza kwaJeremia 3:22-23

MAKWIKWI OKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 2-3

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 28 Gumiguru

KWAUNOWANA MHINDURO

Ekisodho 14:15

**Ipapo Jehovha akati kuna Mozisi, Seiko uchidanidzira kwandiri?
Taurira valsraeri kui vapfuurire mberi.**

Vana valsraeri vakasangana nenjodzi huru, vainge vari pakamanikana mberi kwaiva negungwa kumashure vaiteverwa nava ljipita. Vaifunga kuti kubuda muljipita kwaiva kukunda, asi muvengi ainge asina kuzorora. Svikiro Mozisi rakatombo tsvagao mhinduro, asi mhinduro yacho yakauya neukasha: “Sei uri kuchema kwandiri”

Mwari vakapindura pachena kuti haufanire kuchema kwandiri, dzokera unogadzirisa zvinhu kwawabva. Mhinduro itori newe.

Chakava chokwadi kuna Mozisi chichava chokwadi nekwaori zvekare: ino haisi nguva yekuchema kuna Mwari kuti uwane mhinduro. Inguva yekuti uratidze simba redenga uchishandura upenyu hwako. Mhinduro itori mauri, Mwari akakusimbisa kuti ushandure zviriri munharaunda yako. Zarura muromo wako, taura hupenyu, woramba uchifamba.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muromo wangu chinyoreso chemunyori akagadzirira kunyora. Ndinotakura mhinduro pese pandiri. Ndinotara uye ndinosimbisa mhinduro kune zvoze zvakandi komberedza ini nemhuri yangu nezita ramambo Jesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ruka 10:19

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 4:1-6:26

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 29 Gumiguru

ZVISATI ZVAKAMBOONEKWA

1 Makoronike 4:9-10

Jabhezi aikudzwa zvikuru kukunda vanun'una vake. Mai vake vakamutumidza kuti Jabhezi vachiti ndakamubereka mukurwadziwa. Jabhezi akachema kuna Mwari walsraeri achiti “haiwa dai mandiropafadza mukakurisa nyika yangu

Nyika ine zvainoti izvi ndizvo chaizvo, nzira yavanowirirana kuti zvinhu zvino fanira kufamba sei. Zvisati zvakamboonekwa zvikaitika zvinonyora mubhuku repasi rose rinonzi Guinness Book. Mhuri yekwana Jabhezi yaitevera nzira yaitozikanwa , raingova rudzi rekungoita vana. Hapana chaishamisira kusvikira Jabhezi auya. Akaramba kutevera nzira dzaifambwa nevamwe akasarudza kuudza Mwari kuti vandudzai nzvimbo yandiri. Nokuda kweizvozvo akakudzwa kupfuura vemhuri yake.

Ndinokukurudzira kuti bvisa zvinhu zvisina shanduko kwauri. Unogona kuzvarwa mumhuri imwechete nehama dzako, asi kwauri kuenda kwakasiyana nevamwe. Budiriro yako ichasiyana neye vamwe vemhuri yako. Mwari vari kukubvisa munharaunda yako nezita ramambo Jesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handina kufanana nevamwe , ndichararama kupfuura zvinotarisiwa nevamwe. Nesimba raMweya mutsvene , ndinodambura mhiko dzinondiwisira pasi nezita raJesu. Amen.

KUPFUURIKIDZA KUPERENGA

Dhanieri 1;20

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuperenga nhasi: Ruka 66:27-8:25

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 30 Gumiguru

PFUNGWA DZEUMAMBO

2 Makoronike 1:10

Ndipeio huchenjeri nezivo, kuti ndigotungamirira vanhu ava, nokuti ndiani angagona kutonga vanhu venyu vakawanda ava

Vanhu vanopesana neropafadzo yaMwari nokuda kwepfungwa dzisina uMwari mukati. Mwari unopa, unochengeta, unokwiridzira basa rake. Paunokumbira mota hombe neimba hombe, chinangwa chako chinenge chiri chei? Pamwe ndechekuti uratidze Shamwari kana vavakidzani vako?

Soromoni akakumbira njere, kwete kuti azivikanwe kuti akachenjera, asi aida kufudza vana vaMwari zvakanaka. Chinangwa chake chainge chakachena, uye chishuwiro chake chaive chekusimudzira umambo hwedenga. Naizvozvo Mwari akadaira nekuwedzera zvainge zvakumbirwa.

Mwari ari kutsvaga moyo yevanhu vanokoshesa humambo hwedenga. Chinangwa chako chikaenderana nehurongwa hwaMwari unowana Nyasha dzedenga. Zvine chekuita nechinangwa chako pane zvaunaita. Kutanga nhasi, hurongwa hwako ngaubatane nehurongwa hwehumambo hwekudenga, Mwari anokupa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinokwezva mari ine chinangwa. Ndinoraramira kushandira Mwari nezvinhu zvose zvandiinazvo nezita raJesu. Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 69:9

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 8:26-10:16

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 31 Gumiguru

ZUVA REMUBAIRO

VaGaratia 6:9

Ngatiregei kuneta pakuita zvakanaka, nekuti nenguva yakafanira tichakohwa kana tisingaori moyo

Kushandira Mwari kunouya nemubairo unotozivikanwa. Kushanda kunogona kupfuura munhu ari kuparidza muchechi. Kupa, kuimba, kana zvinhu zvose zvinoitwa murudo kuri kushandira Mwari hazvienderi pasina. Shoko raMwari rinotiudza kuti tisaora moyo pakuita zvakanaka, nokuti mubairo unouya. Zvochireva kuti unogona kuora moyo. Vamwe vanokurumidza kuneta, vasingazivi kuti kunenge kwasara nguva shomanini kuti vawane mubairo. Usaita saivavo.

Ita sarudzo yekushandira Mwari nemwoyo wako wose. Mubairo wako unouya, kutotanga izvezvi nehupenyu husingaperi. Usatendera zviri kuitika kwauri kuti zvikuorese moyo, nokuti zuva rako romubairo riri kuuya., nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Moyo wagadzirira kutevera, ndicharamba ndichishandira Mwari nomwoyo wose. Mwaka wangu womubairo watosvika nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 2;6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 10:17-12:12



Mugovera, 1 Mbudzi

NYASHA DZAMWARI CHIPO, KWETE MUBAIRO

VaEfeso 3:7

**Yandakaitwa mushumiri wayo nechipo chenyasha dzaMwari,
chandakapihwa nokubata kwesimba rake**

Nyasha chinhu chausinga shandiri kuwana, iropafadzo inouya kunyangwe usingakodzeri. Vaefeso 2:8–9 inotaura kuti nenyasha takadzikinurwa, kwete nemabasa edu atinoita, asi nekuda kwezvakaikwa naJesu Kristu. Nyasha dzino tiyeuchidza rudo rwaMwari kuti haruneyi nezvaunoita. Nyasha dzinoti simudza patinokundikana dzotiisa muhurongwa hwaMwari. Nyasha dzaMwari dzino kanganwira zvakare zvakaikwa, dzotisimudzira, dzogadzira ramangwana redu.

Hatishandire nyasha, tinodzi gamuchira. Patino gamuchira nyasha dzaMwari, tinosunungurwa mukutukwa topihwa simba rekurarama muhutsvene. Nyasha hadzitipe simba rekuita chivi, asi simba rokukurira chivi. Zuva roga roga mukana wekufamba munyasha dzaMwari. Pemberera nyasha dzaMwari, nokuti ndirwo rudo rwake runoshanda matiri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinogamuchira Nyasha kubva kuna Mwari idzo dzaakandipa
kubudikidza nemabasa ake akapera pamuchinjikwa.
Ndakachengetwa zvizere nenyasha dzaMwari. Chose
chandinoita ndinokunda. Hareruya.**

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

2 Vakorinde 3:5

MAKWIKWI OKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 12:13-14:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 2 Mbudzi

MWARI ANORIPA KUTENDEKA

VaEfeso 6:10

Pakupedzisira hama dzangu, ivai nesimba munaShe, nomusimba rake guru

Kutendeka hakukanganwikwi naMwari. vaHebheru 6:10 inotizivisa kuti Mwari akatendeka, haakanganwe paunoshanda nerudo rwawa kamuratidza. Kunyangwe vamwe vasingaoni simba rawakaisa, asi Mwari unoona munhu akatendeka.

Kutendeka zvinoreva kugara uri muhurongwa hwaMwari, kunyangwe pakuoma kwezvinhu. Kutendeka mukuedzwa nemukuoma kunoita kuti usimudzirwe pamweya kokuisa pamusoro pavamwe vose. Kutendeka hakufadzi nguva dzose zvinoreva kuwanika, kudzikama nekuterera kunyangwe pasina ari kukuomberera. Asi muumambo hwaMwari, nhoroondo idzi dzinokusvitsa mukukwiridzirwa.

VaGaratia 6:9 inoti kurudzira kuti “usaneta pakuita zvakanaka, nokuti pakukwana kwenguva uchawana mugove”. Mubairo unogona kuuya ipapo ipapo asi unooya chete. Denga rinoona. Usabva panzvimbo. Vimba munguva yaMwari. Kushingirira kwako hakuenderi pasina.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndagadzirira kufamba munzira yakarongeka. Ndinoenderera mberi uye ndichashingaira kusvikira munana wangu waita. Handinganeti uye handiori moyo. Ndakahwinha uye ndiri mukundi nokupfuurisa nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 2:7

MAKWIKWI OKUVEREBGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 14:12-16:31

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 3 Mbudzi

WAKASIKWA NEMUFANANIDZO WAMWARI KUTI UTONGE

Jobho 33:4

Mweya waMwari wakandiita, kufuridzira kwowa Masimbaose kunondipa upenyu

Pakutanga Mwari akagadzira munhu nechinangwa uye nesimba. Genesis 1:26, inoti “ngati gadzirei munhu nemufananidzo wedu... kuitira kuti atonge. Kugadzirwa nemufananidzo waMwari mukana wekuti utonge.

Mufananidzo waMwari matiri ndihwo hunhu, uchenjeri, kuumba, simba, uye kururama. Haana kutsika kuti tikundwe asi kuti tive vakundi. Kukunda ndihwo hurongwa hwaMwari kubva pakutanga, hurongwa ihwohwo nanhasi huchiri kushanda. Naizvozvo Chengeta zvine hunhu uye pesvedzera zvine hungwaru.

Kuwa kwemunhu hakuna kubvisa mufananidzo waMwari, asi zvakato uvhiringa. Kubudikidza naKristu takadzoreredzwa, uye hutongi hwedu hwaka dzoreredzwa (vaRoma 5:17). Hauna kusikwa kuti urame uchitya, kukundikana, kana kushoropodzwa. Wakasikirwa kumira, kutungamira, uye kugadzirisa nyika. Famba muhuMwari hwako. Taura nesimba. Ita pfungwa dzakatsigirwa nedenga. Mweya waMwari uri mauri unodzoreredza simba riri mauri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasikwa nemufananidzo waMwari. Ndinorarama muhumambo., ndonotonga nehuchenjeri, ndinofamba nechinangwa, uye ndinosimudzira vamwe nenyasha dzaMwari nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 104:30

MAKWIKWI OKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 17:1-19:27

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 4 Mbudzi

MWARI RUDO, ANOVA MUFANANIDZO WEDU

Johani 15:13

hakuna munhu ano rudo rukuru kunourwu, kuti munhu afire hama dzake

Gara uchinzwisisa kuti Mwari haangoratidzi rudo, ndiye rudo. 1 Johani 4:8 inoti uyo usina rudo haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo. Zvaari ndicho chekero chikuru cherudo, kwete kuzvinzwa kana mutsa wevanhu. Pamuchinjikwa akaratidza rudo rwake rukuru, kunyangwe taive vatadzi kirisitu wakatifira (VaRoma 5:8)

Rudo rwaKirisitu runotisimudza kupfuura ruvengo. Ruvengo runopesanisa; rudo runoyananisa. Ruvengo runoputsa; rudo rinoumbiridza. Rudo rwaMwari runokunda moyo wakaoma, ruchirapa ronda romoyo. Patinofamba murudo tinoratidza kirisitu. (1 Johani 4:20) inoti yeuchidza kuti hatikwanisi kuti tinoda Mwari isu tichivenga vamwe, rudo ndiwo mucherechedzo wekutenda.

Gore richinopera, sarudza kuti rudo rwaMwari ruonekwe kuburikidza newe, kunyangwe pakuoma kwezvinhu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rudo rwaMwari ruri mandiri rukurusa kupfuura ruvengo rwakandikomberedza. Ndinobva padzinde rerudo rwaMwari, ndinokunda ruvengo nguva dzose nezita ramambo Jesu. Rumbidza Mwari. Amen.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

Isaya 53:10

MAKWIKWI OKUVERENGA KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 19:28-21:9

www.goodnewsdailydevotional.com



CHITATU, 5 MBUDZI

KUSIKIRWA CHINANGWA

VaFiripi 2:13

Nokuti ndiMwari unobata mukati menyu, kuti mude uye muite kuda kwake kwakanaka

Hausi tsaona, asi wakasikwa nokuda kwaMwari. Akagadzira upenyu hwako, akakuzadza nechido, akaumbiridza pfungwa dzako, akakuchengeta panguva yekuoma kwezvinhu.

Chinangwa chaMwari hachina kuvigwa, chinoonekwa paunofamba naye, kutsvaka zvaanoda nemunyengerero, kuverenga magwaro, uye kuteerera inzwi rake. Mosesi akawana chinangwa murenje, Esita akachiwana mumba mamambo, Dhavhidha akachiwana muhondo. Hazvinei nekwauri, Mwari anogona kubuditsa chinangwa chako kwauri ikoko. Hauite chekugadzira chinongozvratidza nekuzvionesa kwauri.

Wakaumbwa muna kristu Jesu kuti uite basa raakakugadzirira (VaEfeso 2:10). Hurongwa hwake hukuru kupfuura kukundikana kana kunonoka kwazvo. Anodzoredza pakarashika oita kuti zvose zvikutire zvakanaka. Gamuchira chokwadi ichi mugore rino rekudambura ngetani.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasikirwa chinangwa, hupenyu hwangu hwakagadzirwa naMwari, uye achapedza zvaakatanga mugore rino rekudambura ngetani, nezita raJesu. Amen.

KUPFUURIKIDZA KUPERENGA

VaRoma 8:28

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 21:10-22:46

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 6 Mbudzi

ARITARI INZVIMBO YEZVIRATIDZO

1 Samueri 7:12

Zvino Samueri akatora ibwe, akarimisa pakati peMizipa neSheni, akaritumidza zira rokuti Ebheniezeri, achiti, Jehovha wakabatsira kusvikira pano.

Aritari dzomweya inzvimbo yezviratidzo panosangana Denga neNyika, uye munhu anoshamwaridzana naMwari. Mumagwaro, aritari dzinoyera inzvimbo yesungano nezviratidzo. Kupfuura zvivakwa, zvinoratidza kuzvipira mukunamata. Nhasi tinoumba nzvimbo tsvene dzema aritari nemunamato, kurumbidza, kutsanya, nekuzvipira, nekuunza huvepo hwaMwari.

Aritari inzvimbo dzerangaridzo yezvakavimbiswa naMwari nehuvepo hwaMwari. Tinogona kugadzira aritari kudzimba dzedu, mumoyo, pekushandira tinenge tagadzira nzvimbo yekuti Mwari agare uye atitungamirire. Irangaridzo yekudzoreredzwa kutenda nekusimbiswa pamweya. Aritari yako ngaive nzvimbo yekunamatira, kurumbidza nekuzvipira zuva rega rega, wotarira simba raMwari richionekwa muupenyu hwako, muwanano nemupfuma yako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino rekudambura ngetani, aritari ichandi pupurira. Ndinoziva Mwari achadzoreredza simba rearitari yangu, chinangwa nerunyararo. Rumbidza Mwari. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Joshua 4:7

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 22:47-24:23

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 7 Mbudzi

KUTENDA KUNOFADZA MWARI

Genesisi 15:6

Abhurahama akatenda Mwari, kukava kutenda kwake

Kutenda ndiyo nheyo yeukama hwedu naMwari. VaHebheru 11:6 inoti “pasina kutenda hatikwanise kufadza Mwari” Kutenda kunopfuura kungobvuma, asi kuvimba, kumira nekuzvipira kuzvido zvake. Mwari havazungunuswi nezvishuvo kana kudzidza asi kutenda. Tikavimba naMwari zvizere, nyangwe mukusagutsikana tinounza mufaro mumoyo make. Kutenda kunoremekedza Mwari nokuti kunonzwisisa hunhu hwaMwari. chingoti Mwari ndinovimba nemi kunyangwe ndisingazivi zviri mberi.

Kutenda kunovhura musuo yeminana, Jesu anowanzoti “kutenda kwako kwakuporesa”. Zvaisada kuvimbika, asi kutenda. Kutenda hakusi bofu, asi kwakadzika midzi mukutendeka kwaMwari. Rangarira zvaakakuitira zvokupa simba kune zvinhu zviri mberi. Kungava kudyara mbeu, kunamatira kupora, kutsvaka kwiridziro, kutenda kunokudza Mwari, uye Mwari anokudza kutenda.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura inzwi raMwari, tenda vimbiso yake, wovimba munguva yake. Ndine kutenda kuna Mwari mukuru. Ndinoraramira kumufadza, naizvozvo ndinorarama nekutenda. Hareruya. Amen

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 4:3

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Ruka 24:24-53; Johani 1:1:1-2:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 8 Mbudzi

JEHOVHA RAPHA

Mapisarema 103:3

Iye anokanganwira zvakaipa zvako zvose, anoporesa kurwara kwako kwose.

Rimwe zita raJehovha Munyaradzi ndi Jehovha rapha, “Mwari anoporesa”. Kuporesa handizvo zvoga zvinoitwa naMwari, kuporesa ndizvo zvaatori. Kuporesa kwaMwari kunopfuura zvenyama anoporesa moyo yakaputsika (Mapisarema 147:3), achidzoreredza pfungwa panzvimbo (Isaya 26:3), anogadzirisa mweya yakaputsika nekuregerera. Anoporesa nyika. Kuporesa kwake kuri nyore, kwakazara uye kunobatsira mweya, pfungwa nenyama.

Muchinjikwa waJesu ndiwo mucherechedzo wekuponeswa. (Isiah 53:5) inoti “namavanga ake takaporeswa”, Jesu akatakura hurwere nemarwadzo edu kuti tirame upenyu hwakazara. Kupora kunogona kuitika ipapo ipapo kana kupora zvishoma nezvishoma, asi zvose zvinoitwa nerudo.

Sezvo tava kupendera gore reKudambura Ngetani, vimba naJehovha Rapha. Taura shoko rake womira nekutenda, nokuti kupora kunouya panokura kutenda.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinofamba muutano hwakazara. Jehovha Rapha vane simba rinofamba mutsinga dzomuviri wangu, kubva nhasi nokusingaperi. Naizvozvo hurwere huri kure neni nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Genesisi 15:26

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Johani 2:12-4:38

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 9 Mbudzi

KUPA KUNORATIDZA MOYO WAMWARI

Haggai 2:8

Sirivha nendarama ndezvangu ndizvo zvinotaura Mwari

Kupa kunoratidza huMwari. Magwaro anoti “Mwari akada nyika nokudaro akapa...” (Johani 3:16). Pamwongo wehukama hwedu naMwari pane moyo wake unopa. Patinopa, ingava nguva, chipo, kana zvinobatika, tinoratidza hunhu hwaMwari tichisimudzira basa rake rerudo nekudzikinura.

Mambo Dhavhidhi akanzwisisa chokwadi ichi, “...Zvese zvinobva kwauri, uye takakupa izvo zvakabva pamaoko ako” (1 Makoronike 29:14). Chokwadi ichi chinoshandura mafungiro edu kubva pakuita varidzi vezvinhu tova vachengeti vezvinhu.

Kupa kuno gadzira moyo wedu nezvido zvaMwari, zvichidzamisira kuvimba kwedu naMwari, Mwari unoratidza pane vimbo yedu (Mateo 6:21). Kupa kukereke, Mabasa, kana varombo zvinobatsira kuumba hupenyu, nharaunda, nenyika. Kereke inobudirira nekutendeka kweavo vanopa muhurongwa hwaMwari. Ita kupa kune mufaro kuve kwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kupa kwangu kunova chapupu chekutenda kwangu kuna Mwari. Kupa kwangu kunokudza Mwari, kunoropafadza vamwe, kunoshandura vamwe kubva mukati zvichibuda kunze. Ndinogara ndichipa muhumambo hwedenga. Rumbidza Mwari! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 24:1

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Johani 4:39-6:51

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 10 Mbudzi

SIMBA REKURAMBA UCHINAMATA

VaRoma 12:12

Faraimutararo, tsungiriraimukutambudzika, rambaimuchinyengetera

Ndogara ndichiti dhiyabhorosi harisi zita raSatani asi izita rebasa. Zvinoreva munhu anoramba achigombedzera kusvikira akunda. Anoramba achingo shingirira. Naizvozvo kushingirira pakunamata kunoratidza kutenda kusingazununguswi mutariro yataka pihwa naMwari. Jesu kirisitu akataura mufananidzo weshirikadzi kuitira kuti atikurudzire kunamata nguva dzose tisingaori moyo (Ruka18:1)

Kushingaira pakunamata hazvirevi kudzokorora mashoko; asi kuisa Tariro yako muna Mwari. Anonzwa kuchema kwako asi anoshandisa kutsungirira kuitira kuti agadzire hunhu hwako uye kuti utende maari.

Patinotsungirira kunamata, munhu wemukati anosimbiswa. Tariro yedu inoenda kuupenyu husingaperi uye kunamata kunogadzira hukama nababa kupfuura kungwana mhinduro.

Pauro anoti “rambai muchinyengetera”. Kuramba uchinamata kunovaka simbaradzo, kudzamisa hukama, zvitibatsira kunzvera nguva yaMwari. Kutsungirira pakunamata ngachive chapupu chako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handioni kunyarara kwaMwari sekunonzi haapo. Ndinoramba ndichinamata. Ndinogadzirisa munamato wangu nekuda kwake. Munana wangu zviokwazvo unouya mugore rino reKudambura Ngetani. Rumbidza Mwari! Hareruya.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaKorose 4:2

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Johani 6:52-8:20

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 11 Mbudzi

CHIMBIDZIKA KUHWINHA MWEYA YEVANHU

2 VaKorinde 6:2

**...Tarira zvino inguva yakafanira, tarirai, zvino ndiro zuva
roakuponeswa**

Kuhwinha mweya yevanhu ndipo pane moyo waMwari. Jesu akauya kuzotsvaka vakarasika nekuporesa mweya wavo (Ruka 19:10), zvakare takadanwa kuenderera mberi nebasa iroro. Nguva yese ine basa, mweya wese une basa. Johani 9:4 inoti, Jesu akati “kana ringori zuva, ndinofanira kuita basa reakandituma.” Hatizivi nguva ine munhu, kana mukana wekushumira Krisitu kuti unouya nguvai. Nguva nemukana hazvigari kwenguva yakareba, naizvozvo tanga kushanda izvezvi.

Kuhwinha mweya wevanhu hakusi kwevashumiri bedzi. Mukriistu wese iva huchapupu (Mabasa avaPostora 1:8). Kungava kubasa, kumba, munharaunda yako taura Nhau Dzakanaka. Mukana wese unogona kuita ruponesu rwemumwe munhu. Hazvisi zvekuva nemhinduro dzose; asi kuzivisa vanhu zvakaitwa naJesu kirisitu. Ukataura nekutenda, Mweya mutsvene anokupa simba rekutaura. Naizvozvo taura nezva Jesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Handinonokeri zvinhu, nokuti kuchimbizika kwangu kunounza
mufaro kudenga. Nhasi, ndinotora chikamu chekuhwinha
vanhu kuna kirisitu sebasa rangu nezita raJesu! Amen.**

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Isaya 55:6

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Johani 8:21-10:18

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 12 Mbudzi

KUSANGANA NAMWARI SEWANANO

VaKorose 3:10

Mukafuka munhu mutsva, ari kuvandudzwa mukuziva, mumufananidzo woMusiki wake.

Kusangana naMwari zvizere kunotanga paukama naye, kwete kungomuziva asi ukama naye. Jakobho 4:8 inoti “ huyai pedyo naMwari iye achava pedyo nemi.” Mwari anotsvaka ukama kwete chitendero. Dhavhidhi akazvinzwisisa izvi. Haana kuendera ropafadzo asi ukama naiye akamusika.

Muwanano, tinoona Mwari serudo, runyararo nekutungamirwa. Tinonzwa kazevezeve kake, dzidza moyo wake, famba munhanho dzemweya. Izvi hazvisi zvevakadanwa chete, ndezve munhu wese anomutsvaka. Jesu aigara achinamata, kusimbaradza ukama (Ruka5:16). Wanano yako naMwari ikasimba ndiko kusimbaradzwa kwako nechinangwa chawakapihwa.

Mwari ane shuwiro yekufamba newe zuva nezuva. Huya pedyo naye uone huvepo hwake muupenyu hwako, mumhuri yako uye ukama naye.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handigamuchiri ukama hwekure naMwari. Ndinotsvakapakadzika peukama naMwari. Ndinokoshesa munamato, rumbidzo nekunzvera shoko raMwari, kubva nhasi nekusingaperi, nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaEfeso 4:22-24

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Johani 10:19-12:11

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 13 Mbudzi

SHOKO RAKE HARISHANDUKI UYE RAKAVIMBIKA

Isaya 40:8

Uswa hunooma uye maruva anowa, asi shoko raMwari rinogara nekusingaperi.

Munyika ine tsika nemagariro zvinogara zvichishanduka, shoko raMwari harishanduki rinoramba rakamira. Kuvimba neshoko rake zvinoreva kutenda muupenyu husingaperi uye husingakundikani.

Kana upenyu husinganzwisiki, vimbiso yaMwari inotipa tariro. (Numeri 23:19) inoti, “Mwari haasi munhu kuti angareva nhema... Angareva orega kuzviita here? Anovimbisa akasazadzisa here? Shoko rake rese idzvene, rine chokwadi uye rinovimbika.

Bhaibheri harisi renhoroondo yakare, rinorarama uye riri kutoshanda izvezvi (vaHebheru 4:12). Patinoverenga tichifunga nezvaro, kutenda kwedu kunosimbiswa, pfungwa dzichishandurwa, moyo yedu ichidzikamiswa. Kuvimba neshoko raMwari kunonanganisa maitiro edu nechokwadi chake. Kunounza runyararo munguva yezhowe zhowe, nekujeka panguva dzekuvhiringika. Tikafamba nemirairo yake, tinosangana nekutendeka kwake nguva dzose.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kunyangwe mumatambudziko andinosangana nawo, shoko raMwari rinoramba riri utiziho hwangu. Upenyu hwangu huri pashoko rake, ndino tenda; naizvozvo, ndinoti, handizuninguswi nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Isaya 55:11

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Johani 12:12-14:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 14 Mbudzi

RUMBIDZO INORATIDZA RUDO

Mapisarema 150:6

Zvinhu zvose zvinofema, ngazvirumbidze Jehovha. Rumbidzai Jehovha.

Rumbidzo kudairira kwemoyo wako kuhukuru hwaMwari nekunaka kwake. Rumbidzo yechokwadi inoyerera kubva mumoyo ichiratidza huvepo hwaMwari. Haisi nziyo bedzi kana muitiro wakajairika asi zvinoratidza rudo nekutendeka kuna Mwari. Rumbidzo hutori upenyu hwatinorarama! Ngachive chokwadi kwauri nemhuri yako.

Rumbidzo inoti swededza pedyo naMwari, uye Mwari anouya pedyo nesu. Muhuvepo hwaMwari, tinowana simba, runyararo nemufaro. Rumbidzo inoshandura ndangariro dzedu kubva kumatambudziko tichitarira Mwari mupi wezvose. Inodana huvepo hwaMwari nenzira inobatika. Patinorumbidza, tinogadzira humambo hwaMwari kuti utishandire muupenyu hwedu.

Ita zvinhu zvose zvaunoita mugore rino Rekudambura Ngetani zvine mucherechedzo werumbidzo. Irumbidzo yake yaanofanira kuwana mazuva ose aunorarama kwete musi weSvondo chete.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndicharumbidza Ishe wangu. Ndomurumbidza munziyo, kukereke, mukupa sechipo chinobata denga. Hareruya!

KUPFURIKIDZA KUPERENGA

Mapisarema 34:1; Isaya 43:21

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuperenga bhaibheri: Johani 14:12-17:13

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 15 Mbudzi

KIRISITU ACHADZOKA

Zvakazarurwa 22:12

Tarirai ndiri kukurumidza kuuya! Mubaiyiro wangu ndinawo, uye ndichapa mumwe nomumwe maererano nezvaakaita.

Ndataura zvakawanda kwezuya rekubvutwa rokudzoka kwaKirisitu iro rinotozivikanwa kuti riri kuuya. (Mabasa avaPostora) inoti “Jesu mumwechete uyu, akatorwa kwamuri akaenda kudenga, achadzoka. Kudzoka kwake hausi mubvunzo wekuti zvogona kuitika here asi mubvunzo wekuti rinhi. Jesu akatsindidza vadzidzi vake akati, “ndichadzoka ndokutorai ndova nemi” (Johani 14:3). Chivimbiso ichi chinounza kudzikama munyika izere nenhamo.

Kune vanotenda, kudzoka kwakirisitu hakufaniri kuvatyisa, iropafadzo yatakamirira. Kuuya kwake kunounza mubairo, kudzoreredzwa nekodzero. Chese chakaipa chichaitwa zvakana, nevakavimba naye vachatonga naye mukubwinya. Naizvozvo rindirai uye muve nekutenda. (Mateo 24:44) inoti yeuchidza kuti tigare takarindira.

Mambo ari kudzoka. Wanikwa nokutenda paanouya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichararama mazuva ose ndichiziva kuti nyika inoguma. Sarudzo, mifungo, nemaitiro angu acharatidza kuti ndakagadzirira, nokuti ndinoziva kuti Kirisitu anouya zvekare! Hareruya.

KUPFURIKIDZA KUPERENGA

VaRoma 2:6

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuperenga nhasi: Johani 17:14-19:42

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 16 Mbudzi

KUTENDA KUNOKURA MUKUWADZANA

1 VaTesaronika 5:11

Naizvozvo kuridzirana uye muvakane, sezvamunoita zvino.

Kuenda kuchechi haisi tsika, chirango chomweya chinosimbisa kutenda. (VaRoma 10:17) inoti “Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa, uye kunzwa neshoko raKirisitu.” Kusangana kwese kunoitika kunounza dzidziso idzva inovaka, ichisimbisa kutenda kwedu muna Kirisitu. Kereke ndiyo nzvimbo yekuti Mwari anotaura, anoporesa nekusimbisa. Zvinoti yeuchidza kuti hatisi toga. (VaHebheru 10:25) inoti, “Tisarega kuungana sezvinoita vamwe, asi tikurudzirane, zvikuru sei sezvamunoona kuti zuva roswedera.”

Kunzwa shoko raMwari zuva rega rega kunotibatsira kuti tisimbiswe munguva yakaoma. Shoko ratinonzwa, huchapupu hwatinoona, nemunamato yatinoita takawanda inoti simbisa pamweya nemupfungwa. Kuenda kukereke kunotisimbisa muzvokwadi, zvinoti yeuchidza chivimbiso chaMwari, zvotisimbisa mukururuma. Kutenda hakukuri kwoga, kunokura munzvimbo ine vamwe.

Simbisa rudo rwako kuhuvepo hwaMwari nekuzvipira kukura pamweya, enda kukereke.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuenda kwangu kukereke hakuna chinopokana nazvo muupenyu hwangu. Ndinoenda kuchechi netarisiro, ndinogadzirira kusangana nesimba ramweya mutsvene nezita ramambo raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

VaHebheru 3:13

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Johani 20-21:13

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 17 Mbudzi

CHIRATIDZO CHEMUPIRO

1 Petro 2:5

Nemiwo, semabwe mapenyu, muri kuvakwa munyika yomweya kuti muve uprista hutsvene muchipa zvibayiro zvomweya zvinogamuchirwa kuna Mwari kubudikidza naJesu Kirisitu

Aritari dzomweya dzinomirira chibayiro, nzvimbo inoiswa zvinhu zvakakosha iri nzira yokukudza nayo Mwari. Mutestamende yekare, aritari yaipisirwa zvipiriso iri nzira yokurumbidza Mwari, kuregererwa nekuzvipira kuna Mwari. Nhasi tinodanwa kuti tive zvipiriso zvipenyu (vaRoma 12:1).

Rumbidzo yako, kutenda, nenguva inotorwa uchifambisa basa raMwari zvinofadza Mwari, kuvaka aritari kunomutsa mhinduro yedenga. Kusiya rugare rwako, kuzvikudza, nguva kana pfuma zvinoratidza kutenda nekuremekedza. Mambo dhavhidhi anoti, “Handingabayiri Mwari wangu zvibayiro zvinopiswa zvandisina kutenga” (2Samueri 24:24). Aritari yezvokwadi inoda chipiriso chinemusoro.

Kuterera kwedu kwezuva nezuva, sarudzo yekuregerera, kupa kushanda mumba maMwari, chipiro chinonhuhwirira. Tinenge tichiisa zvimeu zveupenyu hwedu paaritari. Shoko rinoti, “Kwete kuda kwangu asi kuda kwenyu ngakuitwe.”

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndicharama upenyu hwangu sechibayiro, ndinoziva moto wekudenga uchapfuta nemumabhonzu angu. Chibayiro chandinopa kuna Mwari chinodzoka seropafadzo uye kukundiswa. Rumbidza Mwari. Amen.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

1 VaKorinde 3:16-17

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avaPostora 2:14-4:37

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 18 Mbudzi

KUTENDA KUNOKUNDA KUTYA

VaFiripi 4:13

Ndinogona kuita zvinhu zvose kubudikidza naiye anondipa simba

Kutya ndokwenyama asi kutenda ndekwemweya. Kutya kunoomesa mutezo, asi kutenda kunosimudzira. Hupenyu paunooma, tino sarudza kutenda, kwete kufuratira kutya, asi kutenda Mwari kupfuura dambudziko rangu. (Isiah 41:10) inoti, “Naizvozvo usatya nokuti ndinewe... ndichakusimbisa uye ndichakubatsira.” Kutenda kunonzwisisa kuti Mwari uri pano, ane simba, uye anogona.

Dhāvhidhi akasangana naGoliath nekutenda. Vamwe vachidedera, Dhāvhidhi akavimba naMwari. Jesu anoti, “Usatya; chingotenda.” Kutenda kunonyaradza kutya nokuti kuri muvimbiso yaMwari. Kutya kune fungidziro asi kutenda kunoti “nyangwe zvikasaita Mwari akanaka!” Peturo paakafamba pamusoro pemvura, kutenda kwakamuisa pamusoro pemvura asi kutya kwakamunyudza mumvura.

Tarira pana Jesu, kutya kunotiza. Kutenda kunokura nekunzwa uye kudzamisa pfungwa mushoko raMwari. Ukamuziva kutya kunotiza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura kutenda, ndinofunga kutenda, ndinorarama kutenda. Kutya kukagogodza, ndinopa kutenda mukana. Nokuti ndinoziva kuti Mwari haana kundipa mweya wekutya asi simba, rudo nowokuzvidzora nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Joshua 1:9

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avaPostora 5:1-7:29

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 19 Mbudzi

KUPA KUNOZARURA ROPAFADZO

Zvirevo 19:17

Uyo anonzwira varombo tsitsi anopa kuna Jehovha, uye achamupa mubairo wezvaakaita.

Kupa murairo wedenga unozarura ropafadzo yedenga. Muna (Ruka 6:38), Jesu anodzidzisa “Ipa, uye zvichadzoreredzwa kwauri...” Tikapa tichifara, tinovziisa pamukana wekuwana zvakanakisa kupfuura zvatinazvo. Uka usatarisira kuwana, asi Mwari anopindura zvakanakisa kune vane moyo wakanakisa. Paunopa kuhurongwa hwaMwari, masuo edenga anovhurika uye kusimudzirwa kunouya.

Ropafadzo inouya haisi yemari yoga. Inogona kuuya serunyararo, mukana, nekuchengetedzwa. Kunyangwe shirikadzi yakapa madhenari maviri yakafadza Jesu nokuti akapa zvose zvaange ainazvo (Mako 12:41-44). Mwari unoona moyo seri kwechipu kupfura mari yapihwa. Kupa kunoshandura mufungo kubva kuzvishoma kuenda kuhuwandu, zvotiyeuchidza ndiMwari anopa kwete basa kana bhongi. Ipa woisa tariro muna Mwari anopa nzira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kupa kwangu kwakatendeka kunokudza Mwari kuchimutsa zvipo zvamweya mutsvene mandiri. Kupa hakusi kurasa asi kudyara. Ndichakohwa zvedenga nemubairo wepano pasi nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUPERENGA

2 Vakorinde 9:6-7

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avapostora 7:30-9:22

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 20 Mbudzi

KUPORA KURI NYORE

Johani 6:2

Uye vazhinji zhinji vakamutevera nokuti vakanga vaona zviratidzo zvaakanga aita pavarwere.

Kwese kwaienda Jesu, kupora kwaimutevera. Kupora kwaisangouya nguva imwechete: kwaitova dzinde rehushumiri hwake. (Mateo 4:23) inoti Jesu akapota Garirea achiporesa hosha dzose nourwere hwose pakati pavanhu. Izvi zvaisaitirwa kuratidza simba asi kuonesa rudo rwaMwari. Jesu akavhura meso evaisaona, akamutsa vakafa, nekuporesa vazhinji. Minana yake zviratidzo zvetsitsi dzake, zvinoratidza kuti Mwari une hanya nekutambura kwevanhu.

Nenyasha dzake, Mwari akaisa simba rokuporesa matiri. Muhushumiri hwatakapihwa, taona minana isingaverengeki. Kupora kuri nyore kukaitwa nekutenda muzita raJesu.

Mudzimai wekubuda ropa akabata mupendero wenguo yaJesu akaporeswa ipapo ipapo. Nyaya yake inoti yeuchidza kuti ukabatwa nekutenda Mwari anopindura. Jesu haana kuendesha kumba wese ainge auya nekutenda. (vaHebheru 13:8) inoti Jesu kirisitu ndiye mumwe zero, nhasi nokusingaperi. Zvaakamboita kare anozviita zvekare nhasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoraira nekuzivisa kuti ndinodzinga marwadzo ose mukati meupenyu hwangu. Semwana waMwari, muviri wangu itemberi yamweya mutsvene, naizvozvo, ndinoramba hurwere! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateo 14:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avapostora 9:23-11:30

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 21 Mbudzi

MURAIRO MUKURU

Zvirevo 10:12

Ruvengo runomutsa kupesana: asi rudo runofukidzira zvakaipa zvose.

Jesu paakabvunzwa murairo mukuru, akapindura akati, ida Mwari ishe wako... ida wekwako sezvaunozviita (Mateo 22:37-39). Rudo hakusi kungonzwa kuda, utori murairo. Zvinotoda kufamba, kuita nekutendeka. Rudo hariputsi. Rinoshandura nharaunda ruchionza runyararo, kupora, nekubatana munyika izere nekupesana.

Jesu haana kudzidzisa rudo bedzi, akatorarama murudo. Kunyangwe pamuchinjikwa, akanamata, baba, varegererei. Akapindura norudo kuruvengo, tinofanira kuita zvakaitwa naKirisitu. Rudo rwaMwari rune moyo murefu, tsitsi, harukurumidzi kutsamwa, uye harichengeti magwaro ekutadzirwa. Rune shungu, uye rinobva kuna Mwari chete.

Mweya mutsvene anotigonesa kuda kupfuura zvatinokwanisa kuita. Rudo rwake ndihwo upenyu hwedu. Ita rudo urwu ruonekwe muupenyu hwako, muwanano, bhizimusi uye muhukama hwako. Ita rudo ruyerere mugore rino reku Dambura Ngetani!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosarudza rudo kupfuura ruvengo. Pandinofamba murudo ndino ratidza moyo waMwari, ndozadzisa hurongwa hwake, ndichiratidza mukuru anorarama mandiri, Mwari pachezvake! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 4:8

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avapostora 12-13

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 22 Mbudzi

MUNAMATO, NZVIMBO YEUTIZIRO

Vakorose 4:2

Muzvipire pakunyengerera, makanyatsorinda uye muchivonga

Hupenyu hunounza hondo, kurwadziwa, panyama nepamweya, asi munamoto utiziro hwekuwanda nekusimbiswa. Mwari ndiye utiziro nesimba redu, mubatsiri akafanira munguva yema tambudziko (Mapisarema 46:1). Nemunamoto, tinopinda munzvimbo tsvene yaMwari togamuchira runyararo rusingapihwi nenyika. Panouya kutya munamoto unodzikamisa hana. Panouya kuvhiringidzika munyengetero unounza kujeka. Mapisarema anoti, “Kana moyo wangu waziya, ndiperekedzei kudombo rakakwirira kundidarika” (Mapisarema 61:2). Dombo iroro ndikirisitu, uye munyengetero inzira inotitungamira kwaari nesimba.

Pano simuka dutu renyika ino, munyengetero unoti tungamirira kune Uyo anonyaradza dutu regungwa. Kanda kutya kwako kwaari iye anokuda. Usadzokera kumashure nokuda kwekutya, mhanya kuutiziro wemunamoto. Ari pedyo newe.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichanamata, ndichiziva kuti munyengetero mutumwa anoenda mberi kwangu, achigadzirisa nzira dzose kuti ndigone kukunda. Handiori moyo, nokuda kwemunamoto, ndinokunda, nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaEfeso 6:18

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avapostora 14:1-16:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 23 Mbudzi

BASA REDU

Mapisarema 96:3

Paridzai kubwinya kwake pakati pendudzi, namabasa ake anoshamisa pakati pamarudzi.

Murairo waJesu wekupedzisira hausi muenzaniso asi mutemo, basa gurusu. “Enda unoita vadzidzi kundudzi dzose...” Murairo uyu hausi wema apostora, maporofita, vafundisi, vadzidzisi kana vavhangeri; ndezve mukirisitu wese anoti Jesu ndiShe. Basa guru rinotipa chinangwa pakutenda kwedu. Hatina kuponeswa kuti tingogara mukereke asi kutsvaka chakarasika (Mako 16:15). Vhangeri hakusi kungopanana mazano akanaka, rinotoshandura upenyu inhau dzakanaka dzenyasha dzaMwari.

Kutendeutsa vanhu kunoda kuzvipira. Zvinotoda kutaura nevanhu, kuva nehukama mazuva ose. Jesu aisangana nevanhu patsime, mudzimba, mumigwagwa, aionekwa uye anerudo. Jesu akati ndinewe nguva dzose. Huvepo hwake hunosimbisa kuterera kwedu. Mweya mutsvene anogadzirisa moyo yedu, otipa hushingi, oti pupurira shoko raMwari. Hauli woga ramba uchitendeutsa vanhu kuna Kirisitu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kutendeutsa vanhu hausi mutoro asi mukana wedu. Ndinova mumwe wavabati naMwari, kusunungura mweya uri murima tichiunza kuhumambo hwechiedza. Handisi ndoga, ndinotendeutsa vanhu kuna Kirisitu! Hareruya. Amen.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

1 Makoronike 16:24

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avapostora 16:11-18:28

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 24 Mbudzi

KUTERERA KUNE BASA

Mapisarema 25:10

Nzira dzose dzaMwari ndedzorudo nokutendeka, kuna avo vanochengeta zvirevo zvesungano yake.

Vazhinji vanoshuwira chiratidzo naMwari, asi vashoma vanogona kuterera kana vakabuditswa muhurongwa hwavo. Asi zvose izvi zviri mukuzvipira kuna Mwari ndiko kuti uone simba rake. Kuterera ndiyo nzira yekuona kuzara kwaMwari. Kuterera shoko hakuna kukwana. Kana wada mhinduro, rarama mushoko. Kuterera kunovhura chizaruro chouMwari. Abhurahama akaterera Mwari nekupira Isaka akazowana gwayana mugwenzi nekuda kwezvakazarurwa naMwari kuti anopa.

Kuterera kunoshandura zvinhu zvisingashamisi kuti zvishamise. Petro akaterera murairo kuti akande mambure akaraura zvikuru. Mwari unosangana nesu panguva yatinovimba naye. Kunyangwe nzira ichiita seisingaonekwi, kuterera kunoti swededza pedyo nemunana wedenga. Mwari haadi kunzwisisa, anoda kuvimbika. Paunofamba uchiterera, unosangana nekuchengetedzwa, mukana nechinangwa. Tora kuterera sezvinhu zvine basa, zvino zarura ropafadzo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichasangana naMwari zvizere; ndichamuterera nemoyo wose. Mukuterera kwangu shoko rake, masuo edenga achandizarukira. Rumbidza Mwari! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ekisodho 19:5

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa Avapostora 19-20

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 25 Mbudzi

RUNYARARO NECHIVIMBO MUNA MWARI

Mateo 7:24-25

Naizvozvo munhu anonzwa mashoko angu aya, uye akaaita, akafanana nemurume akachejera uyo akavaka imba yake paruware ... asi haina kuputsika nokuti hwaro hwayo hwaiva paruware.

Kuvimba neshoko raMwari kunounza runyararo nevimbo isingazununguswi. Ndakazviona nguva dzakawanda , vimbiso yake ruzhowa yemoyo nepfungwa dzedu munguva yekusaziva zvekuita. Runyararo runouya rwoga tikasarudza kutenda muna Mwari kupfuura zvatinoona kana kunzwa. Kutya kukabata shoko raMwari rinodzoreredza. Usatya” harisi shoko rekunyaradza bedzi, chivimbiso chedenga chebudiro uye kukunda. Vimba neshoko rake, kutenda kwako kunokura.

Kutenda kunouya nekunzwisisa shoko raMwari kuti hariku rasise. Kana Mwari akazvita, anotozviita. Jesu akashandisa shoko kunyararidza muvengi. Naizvozvo, tikamira pashoko, tinokurira kupokana, kushorwa nekunyengerwa. Ita shoko nheyo yako mudutu ringada kukuwira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura shoko raMwari, ndinori tenda, ndinorirarama, rinogara mandiri! Moyo wangu wakamira kuna Mwari ane chokwadi chisingashanduki; naizvozvo, ndine runyararo rwakasimba uye ndinovimba naMwari! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaEfeso 6:17

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avapostora 21:1-23:25

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 26 Mbudzi

RUMBIDZO INOSHANDURA MAONERO

Mapisarema 66:4

**Nyika yose inoku pfugamirai, vanokuimbirai nziyo
dzokurumbidza, vanoimba nziyo dzokurumbidza**

Rumbidzo inoshandura maonero atinoita kutambura kwenyika ino nechokwadi chedenga. Hupenyu paunokukurira, zvinotirangaridza hukuru nekunaka kwaMwari. Pauro na Silasi nyangwe vakarohwa nekusungwa, vakanamata vakaimba nziyo kuna Mwari. Rumbidzo yavo yakadana shanje dzedenga rikapindira, nyika ikadengenyeka ngetani ikadambuka masuo ejeri akavhurika. Rumbidzo haisi mhinduro yeropafadzo bedzi; chisimbiso chekuvimba naMwari munguva yekuyedzwa. Haufuratre dambudziko; zvinounza rujeke rwekuti Mwari ndiani.

Patinosimudza maziso tichirumbidza, hatikudzi dambudziko asi tinokudza Mwari. Rumbidzo inodzoredza kwatiri kuenda yotiisa patsime rerubatsiro (Mapisarema 121:1-2) yoshandura munhu wemukati nekunze. Patinosimudzira kubwinya kwaMwari, tinoshandurwa tofanana naye. Haisi yekungoimba bedzi, asi chiratidzo chinoshandura hupenyu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinotaura mwaka mutsva wekurumbidza Mwari.
Pandinorumbidza Mwari, ndangariro dzangu dzinoshandurwa,
ndorangaridza pfungwa dzangu kuti Mwari achiri pachigaro
cheumambo! Amen.**

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mapisarema 117:1

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasaavapostora 23:26-27:8

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 27 Mbudzi

HURONGWA HWAMWARI HUNOKUNDA

1 vaKorinde 1:8

Achakusimbisai ndiani kusvikira kumagumo, kuti murege kuva nechamungapomerwa pazuva ralshe wedu Jesu Kirisitu.

Hupenyu huzere nekukwirira nekudzikira, asi hurongwa hwaMwari hunomira (Zvirevo 19:21). Zvakarehwa naMwari pamusoro pako hazvimiswi nemunhu, kana kuvhiringa kana chipi zvacho chinhu. Hurongwa hwake hunopfuurira mwaka wose, muropafadzo nemuhondo. Rwendo rwaJosefa kubva mugomba kuenda muimba yeumambo raiva dambudziko guru asi hurongwa hwaMwari hwakazadziwa hwekushandura marudzi nama rudzi.

Hurongwa hwaMwari haurevi kurarama pasina matambudziko; asi zvoreva kuti zvakarongeka. Mwari unoshandisa zvole kunyangwe matambudziko, kuzadzisa chinangwa chake muupenyu hwako. Paunonzwa kurasika kana kunonokerwa, rangarira Mwari haana kukanganwa hurongwa hwake pamusoro pako. Uyo akatanga basa rakanaka mauri acharizadzisa (Vafiripi 1:6). Usamhanyisa Mwari; nguva yake yakarongeka. Hurongwa hwake paupenyu hwako, bhizimusi, mhuri nefuma yako zvakazadziwa kare nedenga; zvinoitika chete.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva kuti Mwari wangu anozvigona. Ndinovimba kuti zvandiri nhasi nezviri mberi zvakarongeka kare. Ndinoona kubudirira, ndinofamba muvimbiso yeupenyu hwangu nekukunda! Hareruya.

KUPFURIKIDZA KUVERENGA

1 VaTesarionika 5:24

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Mabasa avapostora 27:9-28:31. vaRoma 1:1-15

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 28 Mbudzi

MUKURU KUPFUURA KARE KAKO

Mapisarema 103:12

sokuva kure kwamabvazuva namavirira, saizvozvo kudarika kwedu kwatiri

Zvisinei nekuvhiringika kwakamboitika muupenyu hwako, nyasha dzinounza upenyu hutsva. “kana munhu ari muna Kristu ava chisikwa chitsva: zvakare zvapfuura, zvitsva zvavepo! (2 Vakorinde 5:17). Nyasha dzinoitisa kuti zvinhu zviyendeke. Nhorooondo yakare haikwanisi kukumisa; nyasha dzinonyora nyaya itsva. Hupenyu hwaPauro huchapupu hwakakura. Aiva mutambudzi wava kirisitu asi akasangana nenyasha pamugwagwa weDhamasiko akazoita mudziyo mukuru waMwari.

Nyasha dzinopinda murima dzichiunza chiedza. Hadzifukidziri chivi; dzinoripa chivi (vaRoma 3:24. Hakuna chivi chikuru, kukundikana kwakadzama, kana kudemba kwakakura kusinga fukidzirwi nenyasha.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosisimbisa kuti nyasha dzinondipa mukana wakanaka kuupenyu une kubwinya. Hareruya!

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 4:16

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: vaRoma 1:16-5:11



Mugovera, 29 Mbudzi

HUSHE HURONGWA HWEDENGA

Zvakazarurwa 5:10

Makavaita ushe navaprista kuti vashumire Mwari wedu, uye vachatonga panyika.

Hushe hakusi kupindira kwevanhu, hurongwa hwedenga. Muna (Genesisi 1:28), Mwari akaropafadza Adhamu naEva, akati ivai nehushu. Yaisava kurudziro asi mutemo wakabva kudenga. Kuva neHushe zvinoreva kutonga, kugadzirisa, nekutungamira. Mukana wekugona kupesvedzera, kuvaka, nekugadzira nharaunda. Zvinoratidza huMwari mauli semurindiri wake pano pasi. Rarama semunhu akapihwa ushe.

Hushe hausi hwekuzvi pfumisa asi kuvandudza humambo hwedenga. Mwari anotarisa kuti titonge zvinye rudo, kutungamira nehutsvene, nekushumira nesimba (Mapisarema 8:6). Mubhizimusi, kuchikoro, muhushumiri, kana mumhuri, wakadanwa kuti utungamire. Hauna kusikirwa kuti ungo kwana kwana asi kuti umire nekusimudzira vamwe kuitira kuti kubwina kwaMwari kuonekwe pane rino pasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndineimba, ndakazodzerwa kutonga. Pfungwa dzangu, maoko nemashoko angu anotakura kurudziro. Huvepo hwangu hunounza kurongeka, kunaka uye simbiso. Naizvozvo, ndinotaura zvinyeimba, ndichiziva kuti denga rakanditsigira kuti nditonge nezita raJesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUPERENGA

1 Petro 2:9

MAKWIKWI OKUPERENGA BHAIBHERI 365

Ndima yokuperenga nhasi: vaRoma 5:12-8:25

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 30 Mbudzi

ZVIRATIDZO ZVEKUGUMA KWENYIKA

2 Timoteo 3:1

Asi uzive chinhu ichi: kuchava nenguva dzokutambudzika pamazuva okupedzisira.

Jesu akapa zviratidzo panguva yokupedzisira kuti tigare takagadzirira. Muna (Mateo 24:6-8), akataura zvehondo, nzara, kudengenyeka kwenyika, nemaporofita enhema, marwadzo pakuzvara zvichinongedzera kukwana kwenguva. (2 Timoteo 3:1-5) inotaura kuipa kwaita tsika nemagariro, kuzvikudza, kuoma musoro, kusaterera nekusava vatsvene, zvose zviri kuoneka mazuva ano. Zvakadaro, usavhunduka, izvi zviratidzo kuti uchenjere mumweya wodzika midzi muna kirisitu.

(Mateo 24:14) inoti zvisinei nehondo, vhangeri rehumambo richaramba richiparidzwa. Sevakirisitu, ngatirambei takabaturira pamagwaro, kuzvipira mumunato, nekusimba sechapu.

Usavhunduka zviratidzo, ngazvikurudzire kutenda kwako. Zvinoti yeuchidza kuti nguva yava duku duku, tinofanira kutendeutsa vanhu vakawanda. Zviratidzo hakusi kuguma, asi munongedzo wekudzoka kwemudzikinuri, uye mavambo ehupenyu husinga peri kune vanotenda, naizvozvo fara mugore rino reKudambura Ngetani!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine chenjedzo, ndakamuka, ndagadzirira, uye ndine mufaro nokuti ndinoziva kuti mudzikinuri wangu mupenyu. Ndakagadzirira kuenda nehvamhanda yekutanga painorira! Hareruya!

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

2 Petro 3:3

MAKWIKWI OKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: vaRoma 8:26-11:24

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 1 ZVITA

USASURUWARE

Johani 14.26

Asi Munyaradzi, mweya mutsvene, uyo achatumwa nababa muzita rangu, achakudzidzisa zvinhu zvose zvandakareva kwamuri

Zvidzidzo zvinoongorora maitiro evanhu seekusuruwara uye kufundumwara zvinoratidza kuti zvinonyanyoitika mwedzi yekupera kwegore. Vanoongorora pfungwa dzevanhu vanoti kushanduka kunoita mwaka kunokonzeresa zvakanwanda mupfungwa dzevanhu vanodarika mamiriyoni pasi rose, hurwere hwekufungisisa (Seasonal Affective Disorder S.A.D) hunokonzerwa nekushanduka kwemwaka. Semwana waMwari, usatendera chero chipi zvacho chinhu muupenyu hwako kuti chidzivise mufaro wako muna Mwari.

Kusurukirwa nekushaya shamwari zvinowanikwa neavo vasingazive chipo chavakapihwa chemahara musi wavakagamuchira Kirisitu. Une Shamwari muna mweya mutsvene, ndiye Munyaradzi, nemumiriri wako. Mwari akakupa shamwari yerwendo munguva yekuoma kwezvinhu, haisi Shamwari bedzi, asi anokusimbisa panguva yakafanira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handingafambi ndoga ,ndine shamwari anova Mweya Mutsvene. Uyo anondibvumbamira munguva yakafanira. Hakuna chinhu chinondisiya ndisingakwanisi kuzvibatsira. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

1 Vakorinde 6.19

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Varoma 11.25-15,33

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 2 ZVITA

SHIRI DZINOBHURUKA DZIRI MUMUVARA WE V

RUKA 22.32

Asi ndakakunamatira Simoni kuti kutenda kwako kurege kupera. Uye paunenge watendeuka, usimbise hama dzako.

Kune shiri zhinji dzinofamba ari mapoka mapoka kubva muine imwe nzvimbo dzichienda kune imwe nzvimbo dzakaita sejichidza nemadhakisi dzose dzinobhururuka dziri muruvara V. Kubhururuka muruvara V zvinobatsira kuchengetedza simba uye kuti dzisapeperutswe nemhepo. Kubhururuka uku kunobatsira kuti dziende zvakanaka. MuUshe hwedenga, kufamba nechinangwa chimwechete sehama neshamwari muna Kirisitu zvinobatsira kuti pamunotanga kusimuka munosimuka zvakanaka.

Magwaro anoratidza kuti sevana vaMwari, tinosimbisa kereke yakirisitu nekunamatirana. Seshiri dzinoshandisa simba rekubatana panovhuvhuta mhengo, kereke yakabatana haizungunuswi panouya muvengi. Nhasi sarudza kusimbisa vana vaMwari nemunamato uchaona zvibereko zvacho muopenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosimbisa hama dzangu dzose ndichiporofita! Handirarami hupenyu husiri muna kristu uye handibatwi nemano mano ewakaipa. Kubatana kunondisimbisa! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

1 Vakorinde1,10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yekuverenga nhasi: Varoma 16, 1 Vakorinde1.1-4.13

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 3 ZVITA

RANGARIRA MAZUVA EKUCHIKORO

1 Petro 2.2

Sevacheche vachangoberekwa, pangai mukaka wakachena womweya, kuti mugokuriswa nawo muruponeso rwenyu.

Tora nguva duku uchirangarira mazuva ako ekuchikoro, pese pawaipedza gore rekuchikoro, wainzwa kunge wasvika pachidanho chikuru chekunzwisisa, wozoonza uri kuenderera mberi nefundo. Dambudziko huru nema kirisitu ndere kuti vakasvika pane chimwe chidanho cheruzivo, havadi kuzvipa nguva yekudzidza nekukura muna Mwari, vanonzwa kudzikama nepfungwa dzekufunga kuti vakura ivo vasina.

Muapostora Pauro unotizivisa kuti sevana vanoda mukaka kuti vakure uye kurarama, semwana waMwari ita nhomba yemukaka reshoko raMwari. Mukaka unosimbisa mabhonzoro nekupa simba kuvana vachangozvarwa, shoko raMwari rinokusimbisa nekukupa kuti umire paunovingwa nemuvengi. Dzidza kuisa nguva yekurava magwaro matsvene, zvinosimbisa pfungwa nemweya paunozviita!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasimbiswa neshoko raMwari, ndine simba rekunzvenga mano mano ewakaipa. Ndinokunda nhasi! Amenii.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

2 Petro 3:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: 1 Vakorinde 4 .14-7.40

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 4 Zvita

CHII CHIRI PATAFURA

MAPISAREMA 23.5

**Munondigadzirira tafura yakanaka pamberi pevavengi
vangu, munondizodza nemafuta, mukombe wangu
unopfachukira**

Makirisitu mazhinji anofunga kuti kuzvininipisa kuva murombo nekugara usina. Zvisinei Mwari anoda kuti ubudirire! Bhaibheri hausi mutemo bedzi asi rine chirevo chinokubatsira kuti ubudirire muupenyu. Ukagona kushandisa shoko rake, unowana simba rekukurira muvengi nekubudirira mberi pavo

Vhesi yanhasi inoratidza mufananidzo wakajeka wekuti Mwari anogadzira tafura pamberi pemuvengi wako. Patafura pane runyararo, mufaro, huzhinji nekukuramisirwa. Tafura yaMwari haina zvinhu zvisina basa asi ine huhwandu hwenyasha! Zvakanyanya kukosha ndezvekuti, anozvigadzira mberi kweavo vanoda kuti ukundikane! Wakaitwa mukundi, usatendera chipi zvacho chinhu kukudzikisira Mwari akatokusimudza.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari akagadzira tafura pamberi peavo vasingavimbe neni. Nyasha, mufaro nehupfumi zviri patafura yangu; Hapana chandinoshaiwa! Ndiri mukundi muna Kirirsitu! Amen.

KUPFUURIKIDZAKUDZIDZA

Johani 10.10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: 1 Vakorinde 8.1-12,11

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 5 Zvita

KUTADZA KUNZWA

Johani 10:27

Makwai angu anonzwa inzwi rangu; ini ndinoaziva, uye anonditevera.

Kunyangwe vanhu vazhinji vakagamuchira kuti Mwari anoda kutaura nevana vake, zvisinei neku kereke kwaunoenda, rudzi kana makore, makirisitu mazhinji anorarama upenyu hwavo vasina kutaura naMwari. Izvi zvinoreva here kuti magwaro haana uremu pane zvaakareva? Kwete ! regai nditsanangure.

Ana chiremba venzeve vane zvavanopa vanhu vanoomerwa nekunzwa uye vasinganzwi. Vanopa zvitanda (Hearing aid) zvinoiswa munzeve kuti zvibate masaisai ezvataurwa zvonanganidza kuti zvive nechirevo kuitira kuti munhu akwanise kunzwa zvataurwa nevamwe.

Kunyangwe matsi ikatenderedzwa neruzha, vanoda zvitanda zvemunzeve (Hearing aid) kuti vanzwe zviri kutaurwa. Naizvozvo Mwari anoramba achitaura, unoda shoko rake kuti rikwenenzvere nzeve memweya wako kuti umunzwe zvakanaka. Pinda mushoko worodza mweya wako kuti ugamuchire shoko raMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari wangu achiri kutaura! Ndinokwenenzvera nzeve dzangu kuti ndinzwe Mwari kuburikidza neshoko rake. Handikundikani! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 13:15

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: 1 VaKorinde 12:12–15:28

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 6 Zvita

MUZVINA SHOKO

Vefeso 6:17

Torai nguwani yoruponeso nomunondo womweya, iro shoko raMwari

Mutambo wekurwa nomunondo, mutambo wakatekeshera pasi rose, vazhinji vachiri kuukoshesa uye mamiriyoni evanhu vanouremekedza zvakanyanya. Pauro achinyorera kukereke yaVaEfeso, unoratidza kuti shoko raMwari munondo wamweya mutsvene, anosimbisa izvi nesimba uye hudzamu. Izvi zvinoratidza hudzamu hwechokwadi chamweya mutsvene. Matambudziko mazhinji anouya nokuti haukwanise kushandisa shoko sechombo uchirwisa muvengi nevanomutevera.

Magwaro ane hupenyu kupfuura ngano kana nyambo dzakangonyorwa; shoko rinotakura simba rekuputsa mweya wetsvina pasi. Unokwanisa kucheka muvengi zvinoenderana naye uye zvakachenjera.

Semwana waMwari, zvipe nguva yekushandisa shoko raMwari nekudzika midzi mumushoko rake kuti uve mukundi, uri muzvina shoko.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri muzvina shoko. Ndinoenda neshoko raMwari kuhondo. Ndine simba rekucheka hurongwa hwasatani! Ndakangwarira pamabatiro andinoita shoko raMwari! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 4:12

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yekuverenga nhasi: 1 vaKorinde 15:29-16:24; 2 vaKorinde 1-2

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 7 Zvita

MUSUO WEKUPINDA NAWO

Mateu 25:1-4

Panguva iyoyo umambo hwekudenga huchange hwakafanana navanasikana gumi, vakatora mwenje yavo vakabuda kundochingamidza chikomba. Vashanu vavo vakanga vari mapenzi uye vashanu vavo vakanga vakangwara. Mapenzi vava vakatora mwenje yavo asi Havana kuisa mafuta mairi asi vakachenjera vakatora mafuta pamwechete nemwenje yavo.

Vatendi vazhinji vanoti ndivo vachatanga kuenda panguva yekubvuta. Vashoma kwazvo vanombofunga matambudziko achasanganiwa nawo kana ukasara panguva iyoyo. Regai nditsanangure. Paunokwira ndege unotenga bepa rekufambisa kusvika kunzvimbo yauri kuenda nenguva yauchasvika. Ukatadza kusvika nguva yakatarwa kuti ukwire ndege, unogona kutotadza kuenda nendenge iyoyo. Naizvozvo kutadza kuenda nguva inorira hwamanda unosangana nematambudziko mazhinji.

Munyaya iyi, ishe Jesu vanoratidza kuti gara wakagadzirira mweya wako, izvo zvinoratidzwa nemhandara dzainge dzakagadzirira dziine mafuta nemwenje. Zvinoratidza kuti panodiwa ukama naMwari zvakanyanyisa. Gara wakagadzirira nguva inorira hwamanda, wanikwa uchiita basa raMwari uye uchiita zvinhu zvine pundutso muumambo hwake!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

NDAKAGADZIRIRA NGUVA YEKUBVUTWA! Ndinonzwisisa kukosha kwekuenda nehwaamanda yekutanga painorira. Panguva yakafanira, ndinenge ndiri pamusuo wekupinda nawo! Hareruya! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Mateu 24:42-44

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: 2 Vakorinde 3-7

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 8 Zvita

HANDIZUNUNGUSWI

Mabasa avapostora 20:24

Zvisinei hazvo ini handioniupenyu hwangu sechinhu chakakosha, dai bedzi ndapedza nhangemutange yangu uye ndapedzisa basa randakapiwa nalshe Jesu, basa rokupupura vhangeri renyasha dzaMwari.

Ungaita basa raMwari here kunyangwe munguva yekushungurudzwa? Vatendi vazhinji vanoti hongu! Asi maitiro avo emazuva ose anotaure zvakasiyana nemhinduro dzavo. Zvuuru vezvuuru zvakaramba kushanda muumambo hwedenga nokuda kwezvavanoona panhare dzavo, kana mashoko ekushoorwa anobva kuhama neshamwari.

Ndima yanhasi inoratidza kuterera kwemupostora Pauro achinzwa zvaitaura mweya panguva yaaifamba, achiziva kutambudza kwainge kwakamu mirira. Zvisinei nenhamo dzose dzaaisangana nadzo muushumiri, aigaro zivisa kuti Hapana chingandi zungunutsa, aisa koshesa hupenyu hwake. Akaramba kuzununguswa munguva yerufu! Semwana waMwari, famba nesimbiso uye upupure Mabasa akaitwa akirisitu kunyika yose, zvisinei nematambudziko auchasangana nawo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosarudza kutevera Kirisitu zvisinei nezvimhinga mupinyi! Hakuna chombo chewakaipa chingandi zunungusa. Handizununguswi ! Ameni.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johani 15:18

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yekuverenga nhasi: 2 Vakorinde 8-12

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 9 Zvita

KUREGERERA

VaEfeso 4:26

Mukutsamwa kwenyu musatadza. Musarega zuva richivira makangotsamwa

Magwaro anotidzidzisa kuti usarega zuva richidoka wakangotsamwa. Zvoreva kuti ukatadzirwa zuva risati radoka kwasara awa rimwechete, unenge wasara neawa rimwechete rekuregerera wobva waenda hako. Zvino ndoita sei vakanditadzira mangwanazve? Regerera zvekare.

Muna Mateu 18:21-22, Jesu akati regerera kanokwana makumi manonwe zvinopetwa kanomwe, zvoreva kuti regerera kasingagumi. Aireva kuti unotadzirwa kangani uye une simba rekuramba uchiregerera.

Vamwe vatendi vanobatirira nyaya dzakaitika makore akapfuura, vachidzosa zvakaitika kare kunge zvaitwa nhasi. Asi Mwari akakuregerera, chii chinoitisa kuti iwe usaregerera? Kana uri chisikwa chitsva, kuregerera kuri mauri. Gara uchikumbira ruregerero, woregerera nekukurumidza. Ungori nemaawa mashoma zuva risati ravira kuti uregere.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kutanga nhasi, ndinosarudza kuona vamwe semaonerwo avanoitwa naMwari. Hakuna wandisingaregereri uye Hapana chakaipa chandinoita chandisinga kumbiri ruregerero. Ndine simba rekukanganwira avo vanonditadzira, uye ndinoregerera nemooyo wose nhasi, nezita raJesu. Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Mako 11:25; 1 Johane 1:7-10

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yekuverenga nhasi: 2 Vakorinde 13; vaGaratia 1:1-4:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 10 Zvita

KUBATA NYIKA

Mapisarema 2:8

Kumbira kwandiriuye ndichaita kuti ndudzi dzive nhaka yako, migumo yenyika ive yako

Kana Mwari vachiti ndichakupa ndudzi iye nhaka yako, vari kutaura zvekubata mweya yevanhu nevhangeri uye hutsvene hwaMwari. Muapostora akaita izvozvo akatiratidza nzira yokufamba nayo.

Pauro paaiparidza paEfeso, akasangana nevanhu vaisamuda, asi hazvina kumumisa kushumira vhangeri. Akafamba ndudzi nendudzi, achiziva kuti ndudzi idzodzo dzive nhaka yake, Hapana paaizokundikana. Shoko raMwari rinoti “Nenzira iyi shoko raMwari rakapararira kwazvo rikakura musimba” (Mabasa avaPostora 19:20). Mhinduro kunyaya yakadai ungori munamato.

Tsanya ugonamatira ndudzi, maguta, misha, zvikoro, kumushando etc., zvirokwazvo, shoko raMwari rinopararira nesimba rigotokunda. Ndiwe Tariro nenzira iri kutodiwa nyika dzose.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichaparidza Evangeri zvine simba kune varasika .Ndichivabvisa murima kuenda pachiedza chinoshamisa chaMwari. Shoko rinokunda muguta rangu, munyika yangu uye pasi rose muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

1 Timoti 2:1-2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA

Ndima yokuverenga nhasi: VaGaratiya 4:12-6:18, VaEfeso 1:1-1

www.goodnewsdailydevotional.com



CHINA, 11 Zvita

KUDZIKA MIDZI MUNAMWARI

COLISSIANS 3.2-3

Isai pfungwa dzenyu pazvinhu zviri kumusoro, kwete pazvinhu zviri pasi pano. Nokuti makafa, uye hupenyu hwenyu hwakavanzwa naKristu muna Mwari.

Vashumiri vazhinji vanoparidza kuti ifai kuzvivi, asi ndima yanhasi inoto zivisa kuti takafa kare uye hupenyu hwedu hwakavanzwa muna Kirisitu. Haufaniri “kufa” zvakare kuti ushumire Mwari uye uise pfungwa dzako pazvinhu zveumambo. “Nokuti kufa” zvinoreva kuti uri munhu mutsva, mhando itsva isati yakamboonekwa.

Wakafa kuzvinhu zvenyika ino, uye nyika yakafa kwauri (VaGaratiya 6:14). Farira kunamata, kurumbidza, nekudzamisa pfungwa pashoko. Uyu ndihwo hupenyu hwako hutsva muna Kristu, zvisarudzire nzira iyi munguva ino yekutsanya. Isa pfungwa dzako paari, uye pazvinhu zveumambo hwaMwari. Mude nemwoyo wako wose uye ita kuti zvinhu zvamweya mutsvene zvive zvine basa kupfuura zvimwe zvinhu. Ita kuti kudzika midzi uku muna Mwari huve upenyu hwako hwaunorarama kutanga nhasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura kuti ndapeputswa kusimba riri mandiri uye ndave chisikwa chitsva. Ndinoisa pfungwa dzangu pazvinhu zvokudenga uye ndinosarudza kuenda zvakadzika muna Kristu muzita raJesu Amenii!

ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

VaKorose 2:20

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: VaEfeso 1:15 - 5:14

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 12 Zvita

ZVAKAKOSHERA CHIKRISTU

Mateo 5. 14

“Muri chiedza chenyika. Guta riri pamusoro pegomo haringavanzwi.”

Munguva dzino dzekupedzisira, nyika yakaputsika inoda Shoko raMwari nekukurumidza. VaKristu ndivo vanhu vanochinja zvinhu, chiedza chinoburitsa zvakakoshera Mwari sezvinotaurwana neBhaibheri nhasi. Wakazvarwa kuti uve chimisikidzo uye kuva mhinduro kune wese ari kuchema uye arinkutsvaka achishaiwa. Naizvozvo ita kuti kubwinya kuri mauri kuoneke, ratidza zvakakoshera chiKirisitu chiri mumweya wako.

Paunenge uchitsanya uye kunamata nhasi, rangarira kuti chiKristu chakakosha kana vaKristu vachiita zvavanofanira kuita. Kana uri wega wakazadzwa neMweya Mutsvene mutaundi rako, guta, kana nyika, panofanira kuoneka kubata kwaMwari munzvimbo iyoyo. Bata nyika yako, bata hupenyu hwevanhu neNhau Dzakanaka; izvi ndizvo zvinodiwa naMweya mutsvene uye chido chake pahupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura nesimba reMweya kuti nyika dzichashandurwa neshoko raMwari, shoko rema kirisitu richava nesimba nezita ramambo Jesu. Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Habhakuku 2:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: VaEfeso 5:15-6:21; VaFiriipi 1-2

www.goodnewsdailydevotional.com



MUGOVERA, 13 Zvita

HUPFUMI NDIHWO HWANGU

3 Johani 1:2

Mudikani ndinonyengetera kuti uve nehutano hwakanaka , uye kuti ubudirire, mweya wako uchibudirirawo

Hupfumi hunobatika hunoonekwa sekunge wakabudirira, naizvozvo vazhinji vanokoshesa pfuma yemari asi hupfumi hunopfuura mari.

Kupfuma zvinhu zvakawanda. Kugona kuita zvaunoda, kuenda kwaunoda kuenda, uye kuva zvaunoda kuva tichirumbidza Kristu! Kugona kufadza Mwari, kufamba naMweya, uye kuona kubwinya kwake kuchiratidzwa muupenyu hwako! Upenyu huzere nemufaro uye kuseka kusingaperi! Kupfuura zvinhu zvemari, kupfuma ndiko kugona kubatsira vamwe kuti vafarewo.

Bhaibheri rinoti Josefa aiva murume ane pfuma (Genesisi 39:2) nekuti akaunza kubudirira kumba kwaPotifari, ishe wake. Iwe unofanira kubudirira kwete mumweya , mupfungwa, mumuviri, uye muzvinhu chete, asiwo kuita kuti vamwe vabudirire. Ndiko kupfuma kwechokwadi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura kuti kupfuma kuuye kwandiri zvino. Shoko raMwari rinotonga mumuviri wangu nemari dzangu. Mhuri yangu nevamwe vachabudirire nokuda kwangu, muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

Dheuteronomio 8:18; 2 VaKorinte 8:9

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: VaFiripi 3-4; VaKolose 1

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 14 Zvita

MHURI YANGU

Joshua 24:15

“... asi ini nemhuri yangu tichashumira ISHE.”

Joshua akanzwisisa simba remhuri. Pedyo nekupedzisira kwehupenyu hwake, akaunganidza vatungamiriri velsraeri kuti avape shoko rekupedzisira, achivayeuchidza nezvezvipa zvaMwari (Joshua 24:1–14) uye kuvakurudzira kuti varambe vakatendeka kuna Mwari. Pakati pemashoko ake, akataura mashoko asingaperi anowanzo kuratidzwa mumisha yevanhu: “Asi ini nemhuri yangu tichashumira Ishe.”

Joshua akatora shoko iri akariita rake? “Asi ini.” Pakupedzisira, zvese zvinogumira pashoko irori. Iwe unofanira kusarudza kushumira Ishe. Hazviiti nekungoitika, uye hazvigoni kuwanikwa sechimiro chenhaka. Vamwe vanogona kusiya nhaka yekutenda, asi iwe unofanira kusarudza kuitora seyako.

Mwaka uno wemutambo, sarudza kushumira Mwari nemhuri yako. Ndicho chipo chikuru chaunogona kugovera vamwe. Verengai Shoko pamwe chete, munamate pamwe chete, uye mukure pamwe chete. Bvisai hashu, ivai nerugare pakati pako nevamwe uye regai rudo rutungamirire. Tanga nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoporofita kuti ini nemhuri yangu tichashumira Mwari nemwoyo wese. Hapana acharasika. Imba yedu ndeya Mwari muzita raJesu! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 133:1; Mabasa 10:2

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

VaKolose 2-4; 1 VaTesaronika 1:1-2:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 15 Zvita

ZVIPOROFITE WEGA

1 Timoteo 1:18

Timoti mwanakomana wangu, ndinokupa murairo uyu maererano nezvakaporofitwa kare pamusoro pako, kuti kana ukautevera ucharwa kurwa kwakanaka.

Bhaibheri rizere nemashoko ezvipo uye chiporofita pamusoro peupenyu hwako. Wakambotora izvi sezvakakushera here? Wakaita sei nezviporofita zvakataurwa pamusoro pako, kusanganisira izvo zvakanyorwa muBhaibheri? Vamwe vanoti, “Handina kumbobvira ndakaporofitwa nemunhu pamusoro peupenyu hwangu.” Enda uno zviporofita wega!

Mwari akati muKristu wese anofanira kuda chipo chekuporofita nekuti chipo chakakosha zvikuru. Mundima yanhasi, Timoti anoudzwa kuti arwe hondo yakanaka achishandisa zviporofita zvakataurwa pamusoro pake. Izvi zvinoreva kuti anogona kuzvishandisa semunondo wehondo. Shoko raMwari, haringogumiri kuna Timoti chete; rinokushandirawo iwe. MuGoodNews Nation, tiri vanhu vechiporofita, takagadzirwa nechiporofita; ciporofita chinongouya choga.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoporofita kuti Shoko rega rega rakataurwa pamusoro pangu richaitika kunyangwe zvimhingamupinyi zviripo. Ndinotaura moto kuti upise zvose zviri kundinetsa ikozvino, muZita raJesu! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Dhanieri 11:32b; 1 VaKorinde 14:39

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

1 VaTesaronika 2:13 kusvika 5:28; 2 VaTesaronika

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 16 Zvita

HUTANO HUSINGAPERI

3 Johani 1:2

Mudikani ndinonyengetera kuti uve nehutano hwakanaka , uye kuti ubudirire, mweya wako uchibudirirawo

Ndima yanhasi inoti, “mudikani, ndinokushuvira pamusoro pezvose kuti ubudirire uye UVE NEHUTANO,” kwete “...kuti UPORESWE.” Izvi zvinoreva kuti chirongwa chaMwari kwauri ndecheutano husingaperi! Haadi kuti urambe uchirwara nemusoro, kukosora, kana kupisa muviri; hapafaniri kuve nechirwere cheshuga, kurwara nemudumbu, kana nguva dzakareba uchimirira chiremba. Zvaanoda kuti usarware zvamuchose!

Pane upenyu hukuru kupfuura kuporeswa. Mwari haadi kuti ugare uchiporeswa kubva kuchirwere chimwe nechimwe nguva nenguva. Anoda kuti usvike panzvimbo yekukunda, kwausingarware uye kuva neutano husingaperi, zvinova zvakakosha kupfuura kuporeswa. Iwe uri chisikwa chitsva muna Kristu. Zvirwere ndezve Testamente Yekare! Gara muchokwadi cheutano hwemweya kubva nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Utano husingaperi ndiyo nhaka yangu yandakapihwa naMwari. Kubva nhasi, ndinoporofita kuti chirwere hachindibati; kupisa muviri kwechero rudzi, urwere, kana utachiona hazvizowanikwi pedyo nepamba pangu muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaRoma 8:11; Isaya 33:24

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga : 1 Timoti 1-5



Chitatu, 17 Zvita

UPENYU HUSINGAPERI

2 Timoti 1:10

Akaparadza rufu uye akabuditsa pachena upenyu nokusafa kubudikidza nevhangeri

Vamwe vanhu muBhaibheri vakararama makore anodarika mazana mapfumbamwe. Kukura nekuwedzera kwechivi, hupenyu hwakadzikira zvikuru (Genesisi 6:3). Ndimba yanhasi inoonesa kuti ishe Jesu vakagadzirisa zvinoita kuti tisave neupenyu husingaperi. Kuburikidza nekurarama kwake nekutambudzika kwake, akapa ruponeso kubva muchivi uye akaita kuti tive neupenyu husingaperi.

Saka, hatifaniri kufa here? Zvirokwazvo hongu! Tinogona kurarama kupfuura zvimhingamupinyi zvoupenyu hwepanyika. Vazhinji vedu tinege tiri vapenyu panguva yatichabvutwa panorira hwamanda. Kereke inofanira kutora uye kufamba muchokwadi ichi. Une hupenyu hwaMwari, hupenyu husingaperi. Haugadzirwi nechirwere kana rufu! Inhaka yako muna Mwari. Kana Mwari asingarware kana kufa, hauna chikonzero chekugara munzvimbo yerufu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakamira zvakasimba paShoko raMwari, rinova hutano kumuviri wangu uye hupenyu kumapfupa angu. Pandinotaura izvozvi, mashoko angu ari kukonzera kusunungurwa kwesimba ramweya mustvene izvo zvinogadzira ruzhowa rinondikomberedza risina ani zvake anokwanisa kupinda, zvichindipa upenyu husingaperi nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Pisarema 91:16; 1 VaTesaronika 4:16-17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndimba yokuverenga nhasi 1 Timoti 6; 2 Timoti 1-4

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 18 Zvita

KUKUNDA NDOKWANGU

Ekisodho 17:11

Mozisi paainge akasimudza maoko, valsraeri vaikunda, asi paaingoderedza maokovaAmareki vaikunda

Muchechi tinowanzoti, “simudzai maoko enyu,” kungave mukunyengerera, mukurumbidza kana mukurumbidza Mwari. Nei? Nekuti pane simba mumaoko enyu rinounza kukunda. Pauro, achinyorera Timoti, akati, “Ndinoda kuti varume vanyengetere pose pose, vachisimudza maoko matsvene...” (1 Timoti 2:8).

Tarisa zvakanaka ndima yanhasi. Muhondo neAmareki, Aaroni naHuri vakaona kuti kukunda kwelsraeri kwaibva pakusimudzwa kwemaoko aMosesi. Paakanzwa kuneta, vakamugadza pachimuti vakasimudzira maoko ake, vakamachengeta akasimudzwa kusvikira Amareki akundwa. Kusimudza maoko inzira yemweya yekukunda kwako kusingaperi. Zvichida hazvina musoro, asi zvinoita kuti tive nekutenda! Kana zvakashanda kuna Mosesi, zvichashandira iwe paunosimudza maoko ako uye uchikumbira kukunda kwako nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandinosimudza maoko angu mukunyengerera, chero dambudziko randinosangana naro nhasi ratokundwa! Ndinotaura kukunda muzvose muzita raJesu! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

1 Johani 5:4; Pisarema 63:4

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Tito 1-3; Firimoni 1; VaHebheru 1:1-2:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Chishanu, 19 Zvita

NYIKA YENHAU DZAKANAKA

VaRoma 8:14

Nokuti vaya vanotungamirirwa noMweya waMwari ndivo vana vaMwari.

Shoko ranhasi riri pamusoro pekukura pamweya. Rinotaura pamusoro pevanakomana vaMwari vakakura zvizere, avo vasina chinoita kana vasati vapiwa gwara naMweya Mutsvene.

Seumwe anotevera chiratidzo cheGoodNews World, dzidza kutevera Mweya mukati meShoko, kuburikidza neShoko, uye neshoko. Usambotora danho guru muhupenyu hwako usina kubvunza Mweya Mutsvene. Tora nguva yokumutsvaga, iva nemoyo murefu kusvikira wazvinzwa mukati meMweya wako, uye usambopikisa zvaakataura muShoko rake. Izvozvo ndiko kukura kwechokwadi.

Kuva namweya mutsvene semutungamiriri wako zvinobatsira kuti uende kwawakadanwa naMwari muupenyu hwako. Spirit Embassy ndiwe, imba yamweya mutsvene ndiwe. Ukutungamirirwa namweya mutsvene nekereke inenge yatungamirwa namweya mutsvene.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashoko ose andinotaura, nhanho dzese dzandinoshanda nadzo, uye zvandinofunga, zviri kutungamirirwa noMweya waMwari. Ndichachinja nyika yangu uye sangano rechechi yangu kuva rakanakisisa muzita raJesu

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

1 Petro 5:2-3; 1 Johani 1:6-7

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndimba yokuverenga nhasi: VaHebheru 2:11-6

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 20 Zvita

KUNYENGETERERA VATUNGAMIRI

VaRoma 15:30

Ndinokukumbirai zvikuru hama dzangu, naShe wedu Jesu Kirisitu uye norudo rwoMweya, kuti murwe pamwechete neni nokundinyengeterera kuna Mwari

Mumashoko ake ese, muapostora Pauro akakurudzira vatendi kuti vamunamatire, nokuti zvinobatsira kuti kereke ifambe zvakanaka, icho ichokwadi kunyangwe muzuva ranhasi. Semutendi wakadanwa kuti unyengeterere avo vari pamusoro pako nekuda kwaKirisitu Jesu rudo rwamweya mutsvene.

Kana ukaenderera mberi nekuverenga, uchaona kuti minyengetero yakadaro inobatsira zvikuru muviri waKristu. Pauro akatsanangura kuti zvinobatsira sei Umambo hwaMwari pakupedzisira. Paunonyengeterera vatungamiri vako, mweya inoponeswa, hupenyu hunochinja, uye zita raJesu rinokudzwa. Kuziva kuti vatendi vari kunamata kunosimbisa kunyange vatungamiri vechечи vakasarudzwa. Vanomira vakasimba pamberi pehondo, vachiziva kuti uri kusimudzira maoko avo mukunyengetera. Ramba uchinamatira vatungamiri zuva roga roga

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutaura hupenyu hwakareba, utano hwepamusoro, rugare uye mufaro kuvatungamiri! Ndinoshumira kusimudzirwa kwekuita zvakanyanya muUmambo kuitira kuti mweya mizhinji iponeswe kuna Kristu muzita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaEfeso 6:19; VaKorose 4:3

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: vaHebheru 7-10

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 21 Zvita

MUNAMATO WAMWARI

Mateu 9:37-38

Ipapo akati kuvadzidzi vake..... Naizvozvo Kumbirai kuna Mwari wokukohwa kuti atumire vashandi mukukohwa kwake

Mwari haawanzo kukumbira kunyengeterwa, asi pano anoita saizvozvo. Paanodaro, anoburitsa chishuwo chemoyo wake, achikupa mukana wekuti ubatane naye mukuzadzisa hurongwa hwake munyika ino. Ndiye Mwari mumwechete akati “dai ndine nzara, handaimbokuudza” Mapisarema 50:12. Asi pari zvino atora kanguva kekuziva chikumbiro chake.

Chido chababa vedu chikuru ndechevashandi, vaya vakagadzirira kubuda vachiumba mweya yevanhu vakagadzirira kugamuchira Jesu kuti vawane ruponeso. Nguva ino yekisimusi ndiyo yakafanira kuti ubvume kudanwa kunoita basa iri. Vanhu vanoda ruponeso urwu vakatogadzirira uye vakatokumirira, haufanire kuzvinamatira chingoenda. Vanongodiwa vashandi. Idzi ndidzo pfungwa dzaMwari, zadzisa chishuwo chake izvezvi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoporofita kuti ndiri kuzadzisa munamato waMwari, ndichava mushandi mukuru wekuunza goho rakakura munguva ino yekuguma kwenyika. Wese wandinosangana naye asingazivi Mwari achatendeuka nhasi oraramira Kristu nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Johani 4:35

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA

Ndima yekuverenga nhasi: VaHebheru 11-13

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 22 Zvita

JESU AKAZVIITA

VaKorose 1:27

Pavari Mwari akasarudza kuti azivise pakati pavaHedheni, pfuma inobwinya yechakavanzika ichi, iye Kristu mamuri, Tariro yekubwinya.

Chimwe chezvikonzero zvikuru zvekupemberera Kisimusi ndechekuti Jesu akazadzisa chinangwa chake! Zvaakaberekerwa kuita, akazviita! Mbiri kuna Mwari! Chimbopafunga kuti dai Jesu asina kuzadzisa chinangwa chake. Hupenyu hwedu dai hwakashama husingararamiki nekushaya Tariro. Asi akauya akararama, akafa akamuka zvekare kuitira kuti iwe neni tirarambe.

Zvisinei nekuungana, kudya, mumhanzi nekushamwaridzana Kisimusi ndeya Kirisitu, zvaari nezvakafambira. Mateu 1:23 inoti, “ mhandara ichazvara mwana mukomana , zita vomuti Immanueri(Zvinoreva Mwari anesu). Mwari anesu hatisi toga! Musiki anorarama nezvisikwa zvake, iropafadzo hombe.

Kisimusi ino, rangarira: Iye ndiye ane zuva rekuzvarwa, asi isu takagamuchira zvipo zvake!

Ngatipembererei chipo chaKristu nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kristu ari mandiri, hazvigoneki kuti ndikundikane! Kubwinya kwake kuchavheneka zvakanyanya muupenyu hwangu kutanga nhasi muzita raJesu! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Johani 1:14

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yekuverenga nhasi: Jakobho 1:1-4:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Chipiri, 23 Zvita

NZVIMBO YESIMBA

VaEfeso 1:20-21

...akamugarisa kuruoko rwake rwerudyi mudenga, pamusoro poutongi hwose noukuru, nesimba noushe, uye namazita ose angagona kurehwa, kwete panyika ino chete asiwo pane ichauya.

Vamwe vanoti, uyu ndiye mutevedzeri wangu zvochireva kuti ndiye anomumiririra kana kumutaurira paanenge akanyarara. Naizvozvo bhaibheri parinoti Jesu akagara kurudyi rwaMwari, zvinongoreva kuti Jesu akagara pachigaro chine simba, Mwari anoshanda kuburikidza naye.

Ishe Jesu ane masimba asingapikiswe pamusoro pezvinhu zvose; Zita rake rakakwirira kupfuura mazita ose, uye kutonga kwake kwakakwirira kupfuura masimba ose. Chinonyanya kufadza ndechekuti iwewo uri muridzi wesimba iroro! Ndiye Kristu watinopemberera nhasi, kwete mwana muचेचे ari muchidiro! Masimba ake haana muganhu, uye haana akaenzana naye. Haleluya! Nhasi, buda uine chivimbo chekuti une masimba akakwana pamusoro pezvichaitika zuva rese.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagara pachigaro chesimba uye kutonga kubudikidza naKristu! Masimba aanawo, ndinawo. Ndakakomborerwa zvakawandisa uye ndine simba muZita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

VaHebheru 1:1-3

MAKWIKWI REKUPERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuperenga nhasi: Jakobo 4:11–5:20; 1 Petro 1:1–3

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 24 Zvita

RATIDZA RUDO RWAKO

VaEfeso 3:19

Uye muzive rudo urwu runopfuura ruzivo, kuti muzadzwe kusvikira pachiyero chokuzara kwose kwaMwari.

Nguva yeKisimusi zviri nyore kuudza munhu kuti ndinokuda nokuti kamweya kekisimusi kanotendera kuti zviite sokudaro. Asi vazhinji vanofunga kuti kunzwisiswa kudiwa, vachifunga kuti zvakafanana. Muna Revhitiko 19:18 shoko rinoti ida wekwako semadiro aunozviita izvi zvinoreva vakakukomberedza, Shamwari, hama nehama dzeku chechi, kwete vavakidzani chete. Asi vangani vanopupura kuti vanobata vamwe mabatiro avanozviita?

Ishe Jesu akauya akaratidza rudo rwaMwari nenzira yakasiyana. Akati, “Hakuna munhu ane rudo rukuru kupfuura uyu, kuti munhu ape upenyu hwake nokuda kweshamwari dzake” (Johani 15:13). Akatiratidza rudo kubva pamaonero aMwari, uye haana kungodzidzisa nezverudo iroro—akazviratidzawo pachake. Kisimusi ino, ita sarudzo yokuratidza kuti unonyatsoda vamwe.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rudo rwaMwari rwadururwa mumoyo mangu; saka kuda vamwe kunova nyore kwandiri. Ndicharatidza rudo urwu zvakanyanya Kisimusi ino muzita raJesu! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

VaGaratiya 2:20

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi : 1 Petro 3:13–5:14; 2 Petro 1–2

www.goodnewsdailydevotional.com



China, 25 Zvita

SHOKO REMUTUMWA

Ruka 2:11–14

Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarwa muponesi, ndiye kristu Ishe..... pakarepo hondo huru yokudenga yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachitiMwari ngaarumbidzwe kumusoro soro uye rugare panyika nokuvanhua vaanofarira

Rinova shoko rakanaka chose kugamuchira, zuva rakashandurahupenyu hwangu newe! Jesu akazvarwa kuti azadzise kuda kwaBaba, rudo rwaMwari rwuchiratidzwa. Akava Gwayana rakuurayiwa, achibhadhara mutengo weruponeso uye achiuya nevanhu mukudyidzana naMwari.

Funga Mwari Ane Zvose, Ane Uchenjeri Hwose, Ane Simba rose— achisarudza kusagara achitarisa hupenyu hwako kubva kure, asi achigadzira chironzwa chikuru chokugara newe uye mukati mako. Chero kwaunoenda, chero chaunoita, Ari newe. Izvi ndizvo zvipo zvikuru zvawakapiwa semunhu. Pemberera kuzvarwa kwake nhasi uchiziva zvawakazviwanira!

KISIMUSI YAKANAKA!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoprofita kuti mazuva ose ehupenyu hwangu, handingatongokanganwa chirevo cheKisimusi. Ndichaparadzira shoko iri rekuda kwakanaka kuvanhua vose vakandikomberedza. Ndinotenda, Ishe Jesu! Haleluya! Kubwinya kuna Mwari. Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

2 VaKorinde 4:7

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi : 2 Petro 3; 1 Johani 1:1–3:12

www.goodnewsdailydevotional.com



ZVITA, 26 CHISHANU

MUKURU KUPFURA INI

VaFiripi 2:3

Musaita chinhu nomoyo wokuchiva kana kuzvikudza, asi mukuzvinipisa muchionao vamwe kuti vari nani kupfuura imi

Ko dai wakasvika pabasa kana kuti pachikoro woona mutambi mukuru akagara achikuudza zvekuita kana kukudzidzisa? Vazhinji vaitomubata zvakanaka, vamwe votomupa kunyangwe nembuva yavo kungori kumuremekedza. Shoko ranhasi rinoti itira munhu wose zvakanaka.

Izwi rokuti remekedza rinobva muchigiriki chekuti hegeomai zvinoreva kuverenga kana kufunga nezvazvo. Rinatoreva kukudza munhu kupfuura vamwe, uchiongorora mabatiro aunomuita, akakudzwa neasina. Chimbofunga tichirarama nenzira iyoyi, yekuzvinipisa uchikudza vamwe, matambudziko mazhinji dai akapera.

Sezvatinotanga kutarira gore idzva, zvibate pakuremekedza vamwe kupfuura iwe uye unyatsoona zvavanoda. Izvi hazvingobatsiri pakurwisa kuzvida, asi zvinodzidzisa vamwe vakakupoteredza chidzidzo chikuru chekuisa vamwe pamberi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rinouya, ndicharatidza kuzvinipisa kwandisati ndakamboita. Vanhu vachawona Kristu kuburikidza neni muzita raJesu! Amen.

ZVIMWE ZVEKUDZIDZA

Jakobho 4:6

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima youkuverenga nhasi : 1 Johani 3:13–5:21; 2 Johani, 3 Johani; Judha 1:1–16

www.goodnewsdailydevotional.com



Mugovera, 27 Zvita

KUCHENGETEKA PAKATI PEMAPERE

Ruka 10:3

Endai munzira dzenyu; tarirai, ndinokutumai samakwai pakati pemapere.

Kutumwa segway pakati pema pere hakuratidzi kuti uri panguva yakanaka. Pedzezvo mapere anodya makwai. Makwai anenge ari panjodzi huru, asi kuchengeteka kwawo kuri mumaoko emufudzi anomatarira.

Ishe Jesu Kristu, Mufudzi Wedu Akanaka, akapa upenyu hwake kuti tive neupenyu huzere neruponeso (Johani 10:10–11). Akazvipira kuti iwe upone—akakudzivirira pamapere anodya, achibhadhara mutengo wakakwirira kwazvo kuti uwane kuchengetedzwa kwechokwadi.

Uri pasi pekuchengetedzwa uye kutungamirirwa neMufudzi Akanaka. Haakutumi wega, uye haangambokusiyi—saka usatya! Sezvaunotanga kufunga nezvegore idzva, uzive kuti Mufudzi Wako Akanaka akakufukidza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Sezvandifamba nezuva ranhasi, hapana njodzi inondibata kana mhuri yangu. Ndiri kutungamirirwa neMufudzi akanaka, akatondi bvumbamira uye akandichengetedza kubva kune njodzi. Haleluya! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Ezekieri 34:11–16

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga bhaibheri nhasi : Judha 1:17–25; Zvakazarurwa 1–4

www.goodnewsdailydevotional.com



Svondo, 28 Zvita

KUPIWA NAMWEYA MUTSVENE

Dhuteronomi 29:5

“Ndakakutungamirai kwemakore makumi mana murenje: zvipfeko zvenyu hazvina kusakara pamuri, uye shangu dzenyu hadzina kusakara patsoka dzenyu.”

Vanhu vaMwari pavaifamba vachienda kunyika yechipikirwa, zvipfeko zvavo hazvina kusakara uye shangu dzavo hadzina kubvaruka! Ichi chishamiso chakaitirwa vanhu naMwari. Zvikuru ndezvokuti zvakatora makore makumi mana anova mazuva 14,600 ekungopihwa namweya mustvene!

Kazhinji, shangu dzinofanira kuchinjwa pakati pemwedzi misere kusvika mwedzi gumi nembiri. Asi dzevana valsraeri dzakagara kwemwedzi mazana mana nemakumi masere pasina kuuya dzimwe itsva! Vakagara vasingakure tsoka here zvekusvika pakuchengeta bhutsu imwe zvinopfuura makore makumi mana. kwete muviri waitokura vachitoshanduka asi Mwari aivasesekedza, zvekuti vaisabatikana nezvinhu zvavaida. Iyi yaiva testamende yekare. Ko iwe wakazvarwa patsva Mwari anogona kukuitira zvinopfuura izvi. Usabatikana Mwari anopa, zvisinei nezvauri kutsvaga.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoporofita kuti ndinowana zvinhu nemunana, uye munana ndiwo watova upenyu hwandinorarama! Handina chandinoshaiwa mugore rino ra 2025! Kubika kwangu kuchagara kwakazara, uye wadhiropu dzangu dzichazara! Mhuri yangu yakaropafadzwa muzita raJesu! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

2 VaKorinde 9:8

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Zvakazarurwa 5:1–9:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Muvhuro, 29 Zvita

CHISIMBISO CHAMWARI

VaEfeso 1:13

Nemi makaiswa muna Kristu pamakanzwa shoko rechokwadi, iro vhangeri rekuponeswa kwenyu. Makati matenda, makaiswa rupau maari nechisimbiso, icho chivimbiso chamweya mutsvene.

Mabhezimusi anotengesa, vanogadzira zvinhu vachiisa mazita avo pazvinhu zvavo kazhinji vadhinda mwaka wekushanda kwezvinhu izvozvo, kuratidza kuti vanovimba nezvinhu zvavo, vanovimbisa kuuya vachigadzira zvinhu izvozvo kana zvikafa mwaka wazvo usati wakwana.

Zvimwechetezvo, iwe wakaiswa chimisikidzo ukadhindwa namusiki wedenga nepasi rino! Chishandwa chaMwari hachina kuremara, chisimbiso chake pauri hachiperi. Kurwiswa kwese nemuvengi hakuna mukana, nyangwe kushungurudzwa hakubudiriri. Wakachengetedzwa nechisimbiso chaMwari, zvoreva kuti hakuna dambudziko rinouya pamusuo wako. Ukafamba nechokwadi ichi, unobudirira kupfuura zvaunga fungidzira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirwa neunyanzvi hwaMwari! Mwari ndiye mugadziri mukuru, akaisa chituko pamusoro pemuvengi kuti paanoda kundibata, hazvinga ndikuriri nezita raJesu! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Isaya 54:17

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMZUVA 365

Ndima yokuverenga nhasi: Zvakazarurwa 9:12–14:8

www.goodnewsdailydevotional.com



ZVITA 30 CHIPIRI

WAKASARUDZWA

Vatongi 6:15

Gidheoni akabvunza akati, asika Ishe ndingaponesa Israeri Seiko? Imba yangu ndiyo dukusa maManase, uye ini ndiri mudukusa mumhuri yangu.

Ndima yanhasi ndeya Gidheoni, inoburitsa chojwadi pamusoro perwendo rwako naKristu. Vatendi vazhinji vanozvidzikisira nekuda kwezinotaurwa nevamwe, nharaunda yavo, kana mararamiro avo. Havatendi kudanwa kwavakaitwa naMwari nokuti vakatenda maonero enyika ino kwete maonero aMwari. Izvo zvinokudzikisira zvinogona kukusimudza woita mutariri mukuru wemhuri yako

Chimbofunga kuti dai Gidheoni akaramba akasungwa nemaonero evamwe, dai akakundikana hondo dzose dzaakarwa, nokuti anenge adzikisira simba raMwari paupenyu hwake! Tichivhara gore rino, chingoziva kuti chido chaMwari chakakurisa zvekudambura chinhu chose chinga kumisa mugore idzva. Akakusarudza iwe uye achakushandisa zvakanyanya muushe hwedenga munguva iri kutevera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Zera rangu harina basa; tsika, nhorooondo, murume kana mukadzi, rudzi rwangu hazvina zvazvinoshandura kana takuenzanisa neropafadzo yandichawana mugore idzva riri kutevera! NDAKASARUDZWA! Haleluya! Amen.

KUPFUURIKIDZA KUDZIDZA

Joshua 1:9

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yekuverenga nhasi: Zvakazarurwa 14:9–18:24

www.goodnewsdailydevotional.com



Chitatu, 31 Zvita

TANGA KUNYORA

Pisarema 45:1

.....rurimi rwangu chinyoreso chomunyori anogona

Ukaendesa tsamba yemari isina chakanyorwa kubhanga, vanokuudza kuti haishandi, nokuti Hapana chakanyorwa. Zvino unoita sei? Tanga kunyora.

Mwari vakupa tsamba isina chakanyorwa, nhasi, zuva rokupedzisira kwegore, tanga kunyora zvaunoda kuona mugore idzva. Soromoni paakapiwa tsamba iyi, akanyora zvisiwiro zvake, chiri pori potyo, Mwari akamuudza kuti zvazadziswa!

Izvezvi, nerurimi rwemunyori, tanga kunyora tsamba yeku bhangi nemagwaro a 2026. Shandisa runyoro rwerurimi rwako, tanga kutaura nezvegore idzva, uchigadzirisa zvose zvinoda kugadzirwa. Tara nguva neapaunoda kuti zviitike. Taura hupfumi, hutano, mufaro nezvinhu zvose zvakanaka. Zvauchataura ndizvo zvichaitika mugore rinouya.

2026 NGARISVIKE!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Gore idzva richava gore rangu reshanduko. Nditaura kuti hupenyu hwangu hwakanakisisa! Handiburitsi misodzi yekusuruwara, handishaiwi hope, kwete kwezuva rimwe. Gore rangu ragadzirwa nezita raJesu! Amen.

KUPFURIKIDZA KUDZIDZA

Zvirevo 18:21

MAKWIKWI EKUVERENGA BHAIBHERI KWEMAZUVA 365

Ndima yokuverenga bhaibheri nhasi: Zvakazarurwa 19–22

www.goodnewsdailydevotional.com

ISHE WEDU JESU KRISTU

Ishe wedu Jesu Kristu ndiye nheyo yekutenda kwechiKristu, hupenyu hwake nedzidziso zvave nesimba guru munhoroono.

Ishe wedu Jesu Kristu anozivikanwa netsitsi dzake dzisingaenzanisi, huchenjeri, nezviito zvinoshamisira zvaakaita. Shoko rake rakatarisana nerudo, kukanganwira, uye vimbiso yehupenyu husingaperi, kupa tariro neruponeso kune vese vanotenda maAri. Muhushumirihwake hwese, akafamba nenyika dzeJudhiya, achiporesa vairwara, achinyaradza vanotambudzika, uye achidzidzisa nezveumambo husingaperi hwaMwari.

Kugamuchira Jesu Kristu salshe neMuponesi wako pachako zvinoreva kugamuchira dzidziso dzake nekukoka kuvapo kwake kunoshandura muhupenyu hwako. Irwendo rwekuzadzisa mumweya, rwakadzika midzi mukutenda, rudo, uye vimbiso yeruponeso.

Kubudikidza nalshe wedu Jesu Kristu, tinowana simba, tariro, nenzira inoenda kurugare rusingaperi. Kuporeswa, kana kuponeswa, kuzviisa pasi paMwari, chironzwa chake, nechinangwa chehupenyu hwedu. Kuzvitendeutsa kubva munzira dzedu dzekare nekutendeukira kuna Jesu Kristu, kumukumbira kuti akanganwire zvivi zvedu nekukupa hupenyu hutsva maAri.

VaRoma 10:9 inoti:

"Kana ukareurura nemuromo wako kuti Jesu ndiIshe, ukatenda mumoyo mako kuti Mwari wakamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa."

Ruponeso chipo chaMwari chemahara kwatiri uye tinova vana vake. Inyasha dzisingashanduki kuve mumhuri yaMwari uye unosimbiswa kurarama hupenyu hwese zvizere nechinangwa chekuratidza Mwari kuzvisikwa zvese zverino pasi.

WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWAHO HERE?

**TINOKUKOKA KUTI UITEJESU KRISTU TENZI
NEMUPONEI WEHUPENYU HWAHO
KUBURIKIDZANEKUNAMATA UCHITI**

**ISHEWANGU NAMWARI WANGU NDINOYA
KWAMURI NEZITAJESU KRISTU. NDINOTENDA
NEMWOYO WANGU WESE KUTIJESU KRISTU
MWANAKOMANA WAMWARI VAPENYU. INDINO-
TENDA KUTI VAKANDIFIRA UYEKUTI VAKAMUTSWA
KUBVA KUVAKAFA NAMWARI. NDINOTENDA KUTI
NANHASI VAPENYU. NDINOPUPURA NEMUROMO
WANGU KUTIKUBVIRA NHASI JESU KRISTU NDI-
YEAVE TENZI NEMUPONESI WEHUPENYU HWANGU.
KUBURIKIDZANAYE UYENEZITA RAKE NDAVENEHU-
PENYU HUSINGAPERE; NDAZVARWA PATSWA.
NDOKUTENDAI I SHE WANGU KUTIMAPONESA
MWEYA WANGU. NDAVE MWANA WAMWARI**

**MAKOROKOTO!
WAVEMWANA WAMWARI.HARERUYA!**

To receive more information on how you can grow
as a Christian, please get in touch with us on

**UK: +44 3333 448 612 / USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209**

www.uebertangel.org | www.goodnewsworld.com

MAGWARO NDIMA YEKUDZIVIRIRA

ISAYA 54:

14 NDICHASIMBISWA MUKURURAMA NDI-
CHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA HANDIN-
GATYI UYE NDIRIKURE NEZVINOTYISA

15 PAKAITA ANONDIRWISA, HANDITOMBO-
FUNGA KUTI VATUMWA NAMWARI, UYE
KANA VAKANDIRWISA NDINOKUNDA

16 MWARI AKASIKA MUPFUURI ANOPFUTID-
ZA MAZIMBE MUMOTO NOKUITA NHUMBI
YEBASA RAKE NDIYE AKASIKA MUPARADZI
KUTI APARADZE

17 HAKUNA NHUMBI YOKURWA INOPFUR-
WA KUZORWA NENI, ANONDIPAOMERA
MHOSVA ACHANZI MUNYEPI. NDIRIMU-
RANDA WAMWARI UYE MWARI VANOITA
KUTI ZVINHU ZVESE ZVINDISHANDIRE
MUNEZVAKANAKA

**NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI UYE
HAZVIKONDI NEZITA RAJESU!**

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH

GWARO RAKO REUPOROFITA REZUVA NEZUVA

GoodNews Daily yava kuwanikwa mumhando dzakagadzirirwa vechidiki nevana, pamwe chete nendima yekutanga, ichikupa shoko reuporofita rezuva nezuva rinobva mumoyo weMuporofita Uebert Angel. Mabhuku aya ekunamata akagadzirirwa kuunza Shoko raMwari kuhupenyu hwemhuri yese. Bhuku revana rinopa kutenda, rudo, uye zvivimbiso zvaMwari nenzira inonakidza nekukurudzira, bhuku revechidiki richipa njere dzakadzama dzekuvatungamira muhupenyu nekuchenjera kwemweya nesimbiso. Zuva nezuva, gamuchira nhungamiro yeuporofita inokodzera kufamba kwako naMwari, zvisinei nezera rako! Usarasikirwe nemukana uyu, tora bhuku iri mahara nhasi.



SCAN ME

NAMUPOROFITA UEBERT ANGEL

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

Gwaro reGoodNews Daily

Tora Gwaro
Rako Nhasi!



Kutsvaga Shoko raMwari: kuvhura hupfumi hwemweya kuburikidza neGwaro reGoodNews Daily Compendium. Mukutsvaga hupenyu hwakadzama naKristu, ndiko kuzvipira kusina kuzunguzika kuShoko raMwari uye kunogadzira dzinde rakasimba. Gwaro reGoodNews Daily Compendium, Chikamu 1, rinopa chishandiso chisingaenzanisi pakufamba uku, chakarongeka zvakana kuisa muzvikamu zvine musoro kuti zvive nyore kudzidza uye kunzwisisa.

NaMuporofita Uebert Angel

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

MAUYA KUHUBU YEDU PAMUTSVENEPEJI

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL

SHANYIRAI WEBHUSAITI YEDU

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL



Ziva kuruziro yezuva nezuva uye kukura pamweya nekushanyira webhusaiti Nhau Dzakanaka Zuva ne Zuva. Nyura muShoko rechiporofita remazuva ako uye zvimwe zve-mukati zvinokwanisa kushandura hupenyu hwako. Usapotsa mukana wekusimudzira ku-tenda kwako uye kuwana mufaro muShoko raMwari. Shanyira webhusaiti yeNhau Dzakanaka zuva ne zuva nhasi!


For more information visit: www.goodnewsdailydevotional.com

You can also send an email to: gnd@goodnewsworld.com


Or Call At: **USA: +1 (240) 781-6942 UK: +44 333 344 8612**

ZW: +263 773 195 955 RSA: +27 (51) 004-0209

MAZUVA OSE



Batanidzwa nenharaunda yedu yevaoni vepasi rose vanotanga mazuva avo nenhau dzakanaka zuva ne zuva. Inzwa nhau dzakanaka paSpotify uye kuti ive shamwari yako munzira yekukura mumweya uye chokwadi chebhaibheri pasi pekudzidzisa kwaMuporofita Uebert Angel.



MAZUVA OSE



Tinokuratidza zviyeuchidzo zveupenyu chaihwo pamusoro pekuburikidza kwe Nhau dzakanaka zuva ne zuva pasi rose kuburikidza nepeji redu reYouTube. Sechimwe chinyorwa chemazuva ose, chashandura hupenyu hwevanhu vazhinji, uchiparadzira meseji yerudo, tariro, uye kutenda. Kuburikidza nedzidziso dzine simba dzaMuporofita Uebert Angel, Nhau dzakanaka zuva ne zuva rave chishandiso chesimba rekushandura hupenyu, richishandura vanhu, mhuri, nevana kuti vararambe upenyu hune chinangwa nekugutsikana.

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL



SUBSCRIBE NOW

 @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



BHADHARIRA MITAURO

Bhadharira mutauro nhasi kuburikidza nechirongwa chedu chekubatsira. Batanidzwa parwendo urwu runoshamisa nekugovera nhau dzakanaka zuva ne zuva kuitira kuti tibaye mwoyo yemamiriyoni evanhu pasi rose. Tese pamwe chete tinogona kuparadzira meseji yenhau dzakanaka yerudo rwaMwari kuguta rega rega, mumugwagwa uye mumba mumitauro yakawanda pasi rose.

Mwedzi wega wega, shamwari dzedu dzakazvipira dzinopa mahara mabhuku enhau dzakanaka zuva ne zuva kune vanhu vari muzhizha, matirongo, mahosipitari, dzimba dzevakwegura, zvikoro, uye mamwe masangano pasi rose. Takatambira zviyeuchidzo zvekuponeswa, kuporeswa, kupa kwemweya, nezvimwe zvimwe zvakanwanda nekuda kwechirongwa ichi. Iva chikamu chekubatsira mune zvirongwa izvi zvinoshamisa nekupa mumwe mukana wekutanga hutsva uye tariro itsva yemangwana.

NEMUPOROFITA UEBERT ANGEL

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

SPONSOR AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

INOWANIKWA MUMITAURO YAKAWANDA

CHIRATIDZO CHEPASIRESE, CHINODA BHADHETI REPASIRESE

Iva Mukwikwidzi wenhau dzakanaka

Kuburikidza nekubatana kwenyu kwakanaka uye mari, tinokwanisa kugovera nhau dzakanaka zuva ne zuva kumativi ese enyika uye kutaurira vanhu vasingazivikanwe nezvekufukidzwa kweshuwa kuna Mwari kunodzidziswa naMuporofita Uebert Angel. Tinokwanisa kushandura, kudhinda, uye kugovera Nhau dzakanaka zuva ne zuva kuburikidza neMission Trips, GoodNews On-The-Go Campaign uye chirongwa cheAdopt a Nation/Language kubatsira kuwedzera kuparadzira kwevhangeri. Iva mukwikwidzi uye ane mufaro muchiratidzo ichi chipi uye ubatanidze meseji yaMwari kumarudzi pasi rose kuburikidza neNhau dzakanaka

NeMuporofita Uebert Angel

PARTNER AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



For further information on how to
grow as a Christian, please get in
touch with us at:

UK: +44 3333 448 612
USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209
ZWE +263 773 195 955

gnd@goodnewsworld.com
goodnewsdailydevotional.com

SCAN FOR YOUR
FREE DOWNLOAD

